ФIыщIэм и дамыгъэ

2 -нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Ди театрым игъэувар нэхъыфIхэм хабжэ

4-нэ нап.

Адыгэм и лъапIэныгъэхэр - къафэбзэ дахэкIэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№21 (24.927) ● 2026 гъэм мазаем (февралым) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Рэмэдан мазэ лъапIэр къызэрихьам хуэгъэза КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым ис муслъымэнхэм гурэ псэкIэ сохъуэхъу Рэмэдан мазэ лъапIэр къызэрихьамкIэ!

Муслъымэн дунейм зи пщIэр нэхъ щылъагэ пIалъэхэм язщ ар, псэр гъэкъэбзэным, къэщIэрэщIэжыным, зыузэщIыным ятелэжьэным егъэщIылIауэ.

Рэмэданым епха хабзэхэм уигу къагъэкIыж уи мурадхэри IуэхущIафэхэри къабзэу, гущIэгъу, гудзакъэ, тэмакъкIыхьагъ пхэлъу ущытын зэрыхуейр, зызыщIэгъэкъуапхъэхэм защIэбгъакъуэу, уи псапэр бгъэбагъуэу упсэуным утрагъэгушхуэу.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ а псэкупсэ-щэнгъасэ лъапIэныгъэхэр лъэпкъыбэу зэхэт Урысейм щыпсэу псоми зэдайщ, игъащIэ лъандэри Хэкум и зэкъуэтыныгъэмрэ и лъэщагъымрэ лъабжьэ яхуэхъуу.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыми сохъуэхъу узыншагъэ быдэ, насып, ефIэкIуэныгъэ щымыщIэну.

Рэмэданым и махуэ лъапIэхэм дэтхэнэ унагъуэми фIыгъуэнэхур, гупсэхугъуэр, гугъэфIхэр къарахьэну си гупэщ.

Бахъсэндэсхэм я хэлъхьэныгъэфIхэр

Бахъсэн щIыналъэ администрацэм иджыблагъэ щекIуэкIащ районым и мэкъумэш-промышленнэ комплексым и лэжьакIуэхэм я зэIущIэ зыубгъуа. Абы щытепсэлъыхьащ 2025 гъэм яхуэзэфIэкIахэмрэ гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэм зэрыхуэхьэзырымрэ.

КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн зэIущIэм къыщыхигъэщащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэм и зыужьыныгъэм Бахъсэн щIыналъэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищI зэпытыр. ЖыпIэнурамэ, зэкIэ къызэрабжамкIэ, дагъэ къызыщIаху мэкъумэш къэкIыгъэу нэгъабэ кърахьэлIэжам и куэдагъым процент 45-кIэ хагъэхъуащ, сэхураным - хуэдэ 1,8-кIэ, кIэртIофым - процент 28-кIэ, хадэхэкIым - процент 17-кIэ, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужыгъуэхэмрэ - процент 20-кIэ.

Апхуэдэуи, пхъэщхьэмыщхьэмрэ мэракIуэ лIэужьыгъуэхэмкIэ Бахъсэн районым республикэм бжьыпэр щиIыгъщ: псори зэхэту КъБР-м къыщрахьэлIэжам и процент 25,7-р е и Iыхьэ плIанэр къылъос. Абы нэмыщI, дагъэ къызыщIаху къэкIыгъэхэм я куэдагъымкIи республикэм ар щыяпэщ.

Бахъсэн районым Iэщ гъэхъун IэнатIэми ехъулIэныгъэфIхэр щиIащ нэгъабэ: республикэм псори зэхэту гъэшу къыщалэжьам и процент 19-р, лырэ джэдкъазылымрэ я процент 17-р абыхэм къалъос.

2026 гъэм нэхъ зытегъэщIапхъэхэм ящыщу Сыжажэм къыхигъэщащ хьэцэпэцэм, псы зыщIагъэлъадэ щIым я куэдагъым (нэгъабэ абы къыхагъэхьащ гектар 445-рэ) къыхэгъэхъуэным зэрелэжьыпхъэр.

ЗэIущIэм щыжаIащ республикэм и мэкъумэш IэнатIэр егъэфIэкIуэн мурадкIэ КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэмрэ районхэмрэ зэрызэпыщIа, зэрызэдэлажьэ щIыкIэм Iуэхугъуэщ Iэхэр къызэрыхалъхьэнур икIи абы и щхьэпагъыр зыхуэдэнур Бахъсэн районым япэу щагъэунэхунущ.

Пэхуэщ Iэр хуэунэтIащ лъэныкъуитIым я лэжьыгъэр щIэгъэхуэбжьэным, хъыбархэр нэхъ псынщIэу зэIэпахын хъуным икIи абыхэм трагъэкIуадэ зэманыр ягъэмэщIэн щхьэкIэ бжыгъэр зи лъабжьэ платформэхэр къэгъэщхьэпэным, IэнатIэр зехьэнымкIэ щыIэ Iэмалыщ Iэхэр къэгъэсэбэпыным.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и агрохимие IэнатIэ» Iуэхущ IапIэм и унафэщI Беслъэней СулътIан къыщыпсэлъам къыхигъэщащ гъавэ бэв кърахьэлIэжын щхьэкIэ агрохимие и лъэныкъуэкIэ щIыр зыхуэдэр къэпщытэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Апхуэдэуи, мэкъумэшыщIэхэм республикэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащIащ къэрал дэIэпыкъуныгъэхэм зэрыщамыгъащIэм, къуажэдэсхэм зэпымыууэ зэрызыкъыщIагъакъуэм папщIэ. КъыжаIащ гъавэр уэм щыхъума хъун щхьэкIэ абы зэрыпэщIэт IэмэпсымэхэмрэIэмалхэмрэ къуажэхэм нэхъри зыщегъэубгъун, мелиорацэ лэжьыгъэм щIыналъэм зыщегъэужьын зэрыхуейр.

Сыжажэ Хьэсэнрэ Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ Абрэдж Iэдибрэ ахэр зыгъэпIейтейхэм ятеухуа я Iуэху еплъыкIэхэр къыжаIащ икIи къыхагъэщащ абыхэм ехьэлIауэ унафэ щхьэхуэхэр зэрыщыIэр: дызыхуэкIуэ илъэсхэм АПК-м зегъэужьынымкIэ программэм хыхьэ унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ ахэр.

Гулъытэншэ хъуакъым дзэ Iуэху хэхахэм щыIэхэм, псапащIэ Iуэхугъуэхэм хыхьэу, ерыскъы, щыгъын, техникэ, н.къ. хьэпшыпхэмрэ продукцэмрэ мэкъумэш IуэхущIапIэхэм щIэх-щIэхыурэ зэрыхурагъашэр. Районым и унафэщIым ахэр къыхуриджащ а лэжьыгъэм пащэну, Хэкум и хъумакIуэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зыщIагъэкъуэну, къуажэдэсхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хэлIыфIыхьыну, школхэм, сабий садхэм адэкIи ядэIэпыкъуну.

ЗэIущIэм и кIэухым ягъэлъэпIащ илъэс блэкIам ехъулIэныгъэфIхэр къэзыгъэлъэгъуа мэкъумэшыщIэхэр. УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр иратащ мэкъумэш-фермер IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэу Абрэдж Мартинрэ Урчыкъуэ Хьисарэ. КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и щIыхь тхылъхэр хуагъэфэщащ Бахъсэн район администрацэм мэкъумэшымкIэ и управленэм и лэжьакIуэ Хьэжы Зухрарэ «Голден сад» IуэхущIапIэм и унафэщI Уэртэн Хьэжмухьэмэдрэ. ЩIыпIэ администрацэм и щIыхь тхылъыр иратащ «Агрофирма-Э» КФХ-м и унафэщI Дыджэ Рэшад.

Абрэдж Iэдиб мэкъумэшыщIэхэм ехъуэхъуащ гъэр яхуэугъурлыну, гъавэ бэв кърахьэлIэжыну, узыншагъэрэ дэрэжэгъуэрэ яIэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Уэ уи закъуэкъым»

«Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитет» жылагъуэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм иджыблагъэ Тэрч районым щригъэкIуэкIащ «Правомобиль» Iуэхур. Абы цIыхухэм Iэмал къаритащ дзэ прокуратурэм, налог IэнатIэм, суд приставхэм я IуэхущIапIэм, военкоматым я лIыкIуэхэм яIущIэну, я упщIэхэр иратыну.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ хъыбарыншэу кIуэдахэр къэлъыхъуэнымкIэ къадэIэпыкъун хуейм и деж къыщыщIэдзауэ лIыхъужьхэм зэрызыщIагъакъуэ ахъшэмрэ щIы Iыхьэхэмрэ зэрыратым щыщIэкIыжу. Къапщтэмэ, цIыху 24-м, чэнджэщ къудей мыхъуу, я гугъуехьхэр зэфIэхынымкIэ дэIэпыкъуэгъу зэрахуэхъунур ягъэбелджылащ.

Мыпхуэдэ зэхуэсхэр комитетым мазэ къэс районхэм щрегъэкIуэкI, а лэжьыгъэр и нэIэм щIэтщ IуэхущIапIэм и унафэщI Алимовэ Аллэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ «Хэкум и зауэлIхэм я унагъуэхэм я комитет» жылагъуэ IуэхущIапIэм СВО-м щыIэ ди зауэлIхэм хуашэ дэIэпыкъуныгъэхэри зэригъэхьэзырыр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, мы комитетыр дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я анэхэмрэ щхьэгъусэхэмрэ защIэгъэкъуэным хуэгъэзауэ 2022 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм къызэрагъэпэщауэ щытащ, ар ядиIыгъат УФ-м и Президент Путин Владимир. Иджы щIыналъэ къудамэхэр къэрал псом щыIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым IуэхущIапIэр къыщызэIуахащ 2023 гъэм и гъатхэпэм. Абы и къалэныр зауэлIхэм я унагъуэхэмрэ зи бын зыфIэкIуэда анэхэмрэ ядэIэпыкъунырщ. УнэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэр - психологие, юридическэ дэIэпыкъуныгъэ етынырщ, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм ядэлэжьэнырщ, хэкупсэ Iуэхухэр егъэкIуэкIынырщ.

2025 гъэм комитетым епхауэ къызэрагъэпэщащ «Уэ уи закъуэкъым» цIыхубз клубри. Мы зэманым ирихьэлIэу абы къызэщIиубыдащ СВО-м хэтхэм я анэ, щхьэгъусэ 84-рэ. Ахэр зы Iуэхум зэришэлIащ, сыт къэхъуми, зыр адрейм зыщIигъэкъуэну хьэзыру.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Ди къуэш республикэхэм

Я зэпыщIэныгъэр йофIакIуэ

АБХЪАЗ. **Республикэм и лIыкIуэ гуп, хамэ къэрал IуэхухэмкIэ министр Барциц Олег я пашэу, лэжьыгъэ IуэхукIэ щыIащ Осетие Ипщэм икIи Парламентым и унафэщI Маргиев Алан хуэзащ.**

Я КЪУЭШ щIыналъэм зэрырагъэблэгъам, гуапэу къазэрыIущIам папщIэ хьэщIэхэм фIыщIэ хуащIащ бысымхэм. Барциц Олег къыхигъэщащ я парламентхэм я зэпыщIэныгъэм къэрал зэдэлэжьэныгъэмкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Ди лъэпкъхэр дызэпыщIащ тхыдэмкIэ, зэщIыгъуу гъуэгуанэ хьэлъэ къызэднэкIащ. Хуитыныгъэр дэ къытIэрыхьащ хэщIыныгъэшхуэ диIэу икIи абы папщIэ щытыкIэ хьэлъэхэм дыпхыкIын хуей хъуащ. Ауэ, дэ а гугъуехьхэр къызэднэкIри, ди республикэхэр зэрыщхьэхуитыр къедгъэлъытэн тхузэфIэкIащ. А гъуэгуанэм дэ сыт щыгъуи дыщызэкъуэтащ, къуэшыгъэр зыхэтщIэрэ зыр адрейм диIыгъыу. Нобэ ди къэралхэм я зэныбжьэгъугъэмрэ зэдэлэжьэныгъэмрэ жыджэру зауж. Ахэр я фIыгъэщ ди хэкухэм я унафэщIхэм, - жиIащ Маргиевым.

Автомашинэхэр ират

АДЫГЕЙ. **Росреестрым и управленэу республикэм щыIэм ЦIыхубэ фронтым и щIыналъэ къудамэм и лIыкIуэхэм иритащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр зыхуеину автомашинэхэр, - къет жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и пресс-IуэхущIапIэм.**

UAZ Patriot автомашинитI, Volkswagen Passat, Skoda Octavia зырыз яIэрыхьащ зауэлIхэм. Техникэр сыт и лъэныкъуэкIи тэмэмщ икIи къэгъэсэбэпыным хуэхьэзырщ.

- ЦIыхубэ фронтыр зэпымыууэ яужь итщ зауэлIхэр зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщыным. Ахэр зэпымыууэ хуэныкъуэщ транспорт, техникэ зэмылIэужьыгъуэхэм. Мыхэр дзэ къалэнхэр зыгъэзащIэхэм я дежкIэ дэIэпыкъуэгъуфIщ. Адыгейм щыIэ ЦIыхубэ фронтым зэтеублауэ мы Iуэхур зэфIех икIи абы адэкIи пытщэнущ, - жиIащ республикэм щыIэ ЦIыхубэ фронтым и исполкомым и унафэщI Горохов Юрий.

Дамыгъэхэр хуагъэфащэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Республикэм и муфтий Эркенов Мухьэмэд Хаджи яхуэзащ СВО-м и ветеранхэмрэ абы къалэнхэр щезыхьэкIхэмрэ, «Къэрэшей-Шэрджэсым и лIыхъужьхэр» программэм хэтхэри ящIыгъуу.**

АБЫ щызэхуэсахэр зэIухауэ тепсэлъыхьащ Хэкум къулыкъу хуэщIэным, къалэным хуэпэжыным, апхуэдэуи дзэм хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэным. Гулъытэ хэха игъуэтащ мы зэманым зэкъуэтыныгъэм мыхьэнэшхуэ зэриIэм.

ЗэIущIэм щратащ «За заслуги перед Уммой Карачаево-Черкесской Республики» медалыр зыхуагъэфэщахэм. Ар къапэкIуащ дзэ къулыкъур щагъэзащIэм къагъэлъэгъуа лIыгъэм, хахуагъэмрэ къэмылэнджагъэмрэ, апхуэдэуи Хэкур хъумэным, мамырыгъэмрэ зэIузэпэщыгъэмрэ хуащIа хэлъхьэныгъэм.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Зэпеуэхэр

Унагъуэ хъугъуэфIыгъуэхэр

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм Егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрытхэм я Iэзагъыр хэгъэхъуэнымкIэ зэпымыууэ лажьэ и центрым Адыгэбзэм зегъэужьынымкIэ и лабораторэм гъэ къэс иригъэкIуэкI «Унагъуэр анэдэлъхубзэм, хабзэм я хъумакIуэщ» республикэпсо зэпеуэр мэрем кIуам щекIуэкIащ Налшык къалэм дэт Къалэн куэд щагъэзащIэ республикэ гимназием.

ЗЭХЫХЬЭР къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ лабораторэм и лэжьакIуэ Щоджэн Iэминат.

- Ди анэдэлъхубзэм и къэкIуэнум игъэгумэщI, адыгэбзэм и пщэдейр зи IэмыщIэ илъхэращ нобэрей зэпеуэм зыкъыщызыгъэлъэгъуэнухэр. Унагъуэм нобэ къалэнышхуэ и пщэ къыдохуэ. ЩIэблэм къыдалъхуа бзэр, я адэшхуэхэм къащIэна хабзэхэр яхъумэнымкIэ, зрагъэужьыным хуэпабгъэу къэхъунымкIэ жэуаплыныгъэ зыхьыр унагъуэращ. Хэт Iурызылъхьэнур анэдэлъхубзэр ди сабий цIыкIухэм? Хэт дезыгъэхьэхынур ди бзэ дахэмкIэ тха псысэ, усэ, хъыбар хьэлэмэтхэм? АбыкIэ дызыщыгугъыр, япэрауэ, адэанэхэрщ, адэшхуэ-анэшхуэхэрщ, ди егъэджакIуэ лъапIэхэрщ. Нобэ ди нэгу щIэкIынущ ди нэхъыжьыфIхэм ар къазэрехъулIэм и щапхъэ зыбжанэ, - жиIащ Iэминат.

Мы гъэм я унагъуэм илъ лъапIэныгъэхэр зэпеуэм щагъэлъэгъуэну къэкIуат: Налшык къалэм и Iэдииху хьэблэм щыщ Щадхэ (курыт еджапIэ №26), Псыгуэнсу къуажэм дэс Мызхэ (курыт еджапIэ №3), Налшык щыщ Къазийхэ (курыт еджапIэ №31), Ислъэмей къуажэм къикIа Урысхэ (курыт еджапIэ №1), Старэ Шэрэдж жылэм щыщ Тхьэзэплъхэ (курыт еджапIэ №2), Къэрэгъэш жылэм дэс Гувэжыкъуэхэ (курыт еджапIэ №2) я унагъуэхэр.

Зэхьэзэхуэм и къэпщытакIуэ гупым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым АдыгэбзэмрэлитературэмкIэ и кафедрэм и егъэджакIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат УнэлIокъуэ Вячеслав (гупым и унафэщIщ), «Адыгэ псалъэ» газетым политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къудамэм и унафэщI, АР-м, КъБР-м щIыхь зиIэ я журналист НэщIэпыджэ Замирэ, «Черкесский Ренессанс» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, Лэскэн районым ит курыт еджапIэхэм я унафэщIхэм гъэсэныгъэмкIэ я чэнджэщэгъухэм я лэжьыгъэр зэзыгъэуIу Жылэгъащтэ Хьэчим, «1 КъБР» телеканалым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ Щоджэн Лаурэ сымэ.

Унагъуэхэр Iуэхугъуэ зыбжанэкIэ зэпеуащ. ЯпэщIыкIэ видео, сурэт теплъэгъуэхэр къридзэу къэпщытакIуэ гупым зрагъэцIыху, я унагъуэр, лъэпкъыр зэрыгушхуэхэр, къызытекIа нэхъыжьхэр, хабзэу щызекIуэхэр утыку кърахьэ; упщIэ-жэуап Iыхьэм нэхъыжьхэми нэхъыщIэхэми адыгэ хабзэм, IуэрыIуатэм, литературэм хащIыкIхэр наIуэ къыщащI, итIанэ дэтхэнэри дэзыхьэх Iуэхугъуэ дахэ гуэр творческэ Iыхьэм щагъэлъагъуэ; «Нанэ и пхъуантэ» Iыхьэм адыгэ лъэпкъым ижьыжьыж лъандэрэ къыдекIуэкI гуфIэгъуэ дауэдапщэ гуэр утыкум кърахьэ. Абыхэм жыджэру хэтщ дадэ-нанэхэр, адэ-анэхэр, щIэблэр. Мызыгъуэгуми зэпеуэм хэтыну гупыж зыщIахэм ягъэлъэгъуащ иджырей адыгэ унагъуэхэм щекIуэкI гъэсэныгъэр, анэдэлъхубзэр къабзэу зэрагъэшэрыуэр, жьыи щIэи я акъыл зэтехуэу зы Iуэху зэрызэдащIэфыр, адыгэ лъэпкъым и тхыдэм, хабзэм, литературэм, IуэрыIуатэм зэрыхащIыкIыр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зэраIэпэгъур.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

Унагъуэ хъугъуэфIыгъуэхэр

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап).

Къапщтэмэ, зэхьэзэхуэм и мурад нэхъыщхьэр адыгагъэм къызэщIиубыдэ къалэн псори адыгэ унагъуэм деж къызэрыщежьэр гъэлъэгъуэнырщ. Адыгэм я зэхэтыкIэм, хэкум лъагъуныгъэу хуаIэм, нэмысым, хабзэм, тхыдэм щIэблэр щыгъуэзэнымкIэ жэуаплыныгъэ нэхъыбэ зыхьыр унагъуэр зэрыарар нэрылъагъу ящIащ а махуэм.

Лъэпкъ махуэшхуэр екIуу къызэIуахащ Мыз Хьэжмурат игъасэ «Псыгуэнсу» къэфакIуэ гупым.

Япэу утыкур хуит зыхуащIар Налшык къалэм и Iэдииху хьэблэм къикIа **Щадхэ** я унагъуэ дахэрат. Адэ-анэм я гъусэу адыгэ фащэкIэ зэщыхуэпыкIауэ утыкум къихьащ пщащэ зэкIужищымрэ дэлъху нэхъыщIэ цIыкIумрэ. Адэанэр щэнхабзэм и лэжьакIуэу зэрыщытыр плъагъуу, бэрэбанымрэ пхъэцIычымрэ яIыгъщ, адэ шыпхъум адыгэ пшынэр егъэбзэрабзэ. Пхъурылъху цIыкIуитI яIэти, абыхэм унагъуэр нэхъри ягъэбжьыфIэрт. Щадхэ езыхэм я унагъуэм щхьэкIэ зэхалъхьа уэрэдыр жаIащ, гъуэрыгъуэурэ зым адрейм и гугъу къытхуищIурэ зыкъыдагъэцIыхуащ. Хьэжмуратрэ Марьянэрэ лъэпкъкIэ джылахъстэнейщ, абыхэм я бынхэм бгъэдалъхьэфащ гъэсэныгъэ екIурэ адыгэбзэ шэрыуэрэ. Анэм и гъуапэр пхъум и джанэщ жыхуаIэрати, Марьянэ ипхъухэм адыгэбзэ къабзэкIэ къызыхэкIа лъэпкъым и къежьапIэри, тхыдэри, езыхэм я зэхэтыкIэри жаIэжащ, адэжьиблым я цIэр къриIуащ я къуэ закъуэ, гъэфIэн цIыкIуу яIэ Данияр. Пщащэхэр фIыуэ еджауэ, гъащIэм лъэ быдэкIэ хэуваэ щытмэ, Данияр спортым зэрыдихьэхыр жаIащ абыхэм икIи республикэ, щIыналъэ зэхьэзэхуэхэм къыщихьа дамыгъэ, саугъэт хуэдэхэм зригъэщIагъуэу пIэрэ жыпIэу, утыкум къыздрихьат щIалэщIэм. Псори зэгъусэу, акъыл зэхэдзэ ящIу пэлъэщащ къуажэхьэр къэщIэнми, псалъэжьхэр зэпыгъэувэнми, IуэрыIуатэм щыщ пычыгъуэр зыщыщымрэ зи псалъэмрэ гъэнэхуэнми. Творческэ Iыхьэм щынэсым нанэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхухэмрэ я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэр, нанэм и псалъэ Iущхэр щIэблэм зэрызэхалъхьэм, пасэрей гъэсэныгъэмрэ нобэрей дунейтетыкIэмрэ зэрызэмыщхьыр къыхэщу теплъэгъуэ ягъэлъэгъуащ, уэрэдкIэ яухыжу. Зэпеуэм и зы Iыхьэм «Гущэхэпхэ» дауэдапщэр утыку кърахьауэ арати, пшынэрэ макъамэкIэ гъэнщIауэ, «хьэщIэхэр щыкуэду» ирагъэкIуэкIащ икIи абы ехьэлIа хабзэ псоми къызэхуэсахэм гу лърагъатэу ягъэлъэгъуащ.

АдэкIэ утыкур хуит зыхуащIа **Мызхэ** ягъэхьэзырар унагъуэ жыпхъэм икIри, лъэпкъпсо зэхыхьэ хъуат. Мызхэ я нысэ, Псыгуэнсу дэт курыт школ №3-м пэщIэдзэ классхэр щезыгъаджэ Каринэ щIыгъут журналист цIэрыIуэ Мыз Ахьмэдрэ лъэпкъым и къыдэкIуэтей щIэблэмрэ. Къуажэм щапIар, къыщыхъуар адрейхэм къахэщу къыщцохъу. Ахьмэд Мызхэ я лъэпкъ Iуэхур иригъэжьащ, хъуэхъу дахэкIэ къызэхуэсахэм захуигъэзащ. Абы иужькIэ къэпсэлъа ныбжьыщIэхэм бзэ шэрыуэкIэ зыкъыдагъэцIыхуащ. Каринэ лъэпкъым и шыфэлIыфэр, и тхьэмадэ Iумахуэхэр, щIэныгъэлIхэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, цIыху цIэрыIуэхэр, лъэпкъыцIэр фIыкIэ зыгъэIуу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм пэрытхэр щыдигъэцIыхум экраным къридзэу игъэхьэзыра теплъэгъуэр щIэщыгъуэт. Унагъуэхэм щахъума сурэтыжьхэр, траха видеохэр игъэбейрт нейросеткIэ ящIа иджырей теплъэхэм. Зы фильм псо къагъэлъэгъуа хуэдэу нэрылъагъуу, гурыIуэгъуафIэу а Iыхьэр утыку кърахьащ.

Каринэ гурэ псэкIэ цIыкIухэм ядэлэжьэн зэрыфIэфIыр, Мызхэ сабий акъылыфIэ къазэрыщIэхъуэр къигъэлъэгъуащ упщIэ-жэуап Iыхьэми. Къызэхуэсауэ хъуар дэзыхьэхар Мыз Инессэ цIыкIу нарт эпосым щыщу «Нарт Сосрыкъуэ япэу хасэм зэрыхашар» пшыналъэ кIыхьыр зэ къыщымыуэу гукIэ зэрыжиIарщ. Ар адыгэ щIыгужьым и курыкупсэм иту къыпщигъэхъурт и щIыбагъым адыгэ вагъуэ пщыкIутIыр зи дамыгъэ лъэпкъ пщыкIутIым я цIэр зытет ныпхэр къэфакIуэхэм зэрыщаIыгъым. Нанэ и пхъуантэри бейуэ къахущIэкIащ Мызхэ. Каринэ жиIэжащ адыгэ бзылъхугъэм зэрихьэ хабзэхэр, абы утыкум щызэпкърихащ адыгэ цIыхубзым и Iэлъэщ зэтелъхьэкIэм, щхьэц зэщIэкъуэкIэм, фащэ щыгъым, щитIагъэ пыIэм и теплъэм абы и статусыр къызэригъэлъагъуэр, нэгъуэщI куэди.

ЦIыхубзхэр зэрымыгуащIэмащIэр, лъэкIыныгъэ къызэрымыкIуэхэр зэраIэр хьэкъ пщащIырт **Къазийхэ** я зэанэзэпхъухэм. Нанэ Заретэ, анэ Аленэ, абы и пщащэ щэнейфIэ цIыкIухэм лъэпкъыр зэрымыиным, ауэ адыгагъэкIэ, гуапагъэкIэ куэдым къазэрыхэщым, я унагъуэм илъ хабзэхэм къытхутепсэлъыхьащ. Усэ, уэрэд, хъуэхъу псалъэ дахэ куэд щыжаIащ абыхэм утыкум икIи упщIэхэм я жэуапхэр гъэхуауэ иратащ. Гущэхэпхэр щагъэлъагъуэм, Заретэ жиIащ унагъуэм сабий къахэхъуамэ, зэран къыхуэхъункIэ хъунухэр ягъэщтэн папщIэ, фоч ягъауэу зэрыщытар, гущэр къызыхащIыкIыр, сабийр япэу зэрыхапхэр, нэгъуэщIхэри. А псори щекIуэкI утыкур адыгэ жьэгум и теплъэр иIэу зэрагъэпэщати, пщащэ цIыкIум гущэр щыщIиупскIэм жиIа гущэкъу уэрэдри екIупст.

Зы адэ-анэм я бын зэрылъхуэзэрыпIыр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэрыпсэум и нэщэнэт **Урысхэ** я унагъуэр. Дахэу зэщыхуэпыкIауэ утыкум къихьат унагъуэм я жьантIэдэс нанэр, абы и ныситIыр, я бынхэр я гъусэу. Урыс унэцIэр зэрихьэу Ислъэмей унагъуэ 70 зэрыдэсыр, лъэпкъым и къежьапIр, дохутырхэр, спортсменхэр, цIыху щэджащэ куэд зэраIэр жаIащ нысэхэу Светланэрэ Маринэрэ, абыхэм я сабий Iущхэм. Нанэм и жыIэр тIу ямыщIу зэрагъафIэр, фIыуэ зэралъагъур хьэкъыу утыкум зэдитащ ахэр. УпщIэр къэщIэн хуеймэ, я нэхъыжьым ечэнджэщыжу, жанагъ ягъэлъэгъуэн хуеймэ, нэхъыщIэхэр япэ ищу, акъыл зэтеубыдакIэ нысэхэм Iуэхур зэфIахыу апхуэдэт. УнэтIыныгъэ псоми IэпщIэлъапщIагъ, акъыл жанагъ, зэфIэкI телъыджэхэр къыщагъэлъэгъуащ. Гущэхэпхэ дауэдапщэр зэрырагъэкIуэкIар адрейхэм емыщхь ищIат я нанэм. Ар зэфIигъэкIыху, абы псалъэ пэжрэ Iущагъыу жиIар зэхэзыха я нэхъыщIэхэр гъуэгу захуэ тету, ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьэу зэрыпсэунум шэч хэлъкъым.

Тхьэзэплъхэ Ислъамрэ Залинэрэ я унагъуэр, республикэр мыхъуу, къэрал псом щапхъэу щыбгъэлъагъуэ хъунущ. ЕгъэджакIуэ унагъуэм къихъуэ щIалищымрэ пщащэ щIыкIафIэ цIыкIумрэ утыкум щагъэлъэгъуа гъэсэныгъэ къудейр зимыуасэ щыIэкъым. Я зыIыгъыкIэ къудейм къыбжиIэрт абы я унагъуэм илъ хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ. Экраным къридзэ теплъэгъуэхэр псалъэкIэ щIигъэбыдэжу Залинэ унагъуэм и зэхэтыкIэмрэ къекIуэкIыкIэмрэ дигъэцIыхуащ. Нэхъыжьхэм я щапхъэр нэхъыщIэхэм я гъуазэу къызэрыгъуэгурыкIуэр наIуэ ищIырт, абыхэм я адэжьхэм хуащI пщIэм, я цIэ, я лIыгъэ, я зэфIэкI ящIэжу щIэблэм зэрыбгъэдалъхьэм. Тхьэзэплъ унэцIэр къызытекIам, ахэр щыпсэу хэгъэгухэр, къэралхэр, абыхэм къахэкIа цIыху щэджащэхэм тепсэлъыхьа нэужь, къэкIухьын щIэзыдзагъащIэ, быным я нэхъыщIэ Сэлим цIыкIу лIэужьиблкIэ зэлэбэкIыжри, адэшхуэхэм я цIэр къриIуащ. Зэпеуэм и адрей Iыхьэхэми щыжыджэрт адыгэ фащэхэр зыщыгъ сабийхэмрэ адэанэмрэ. Зэщхьэгъусэхэм я бын акъылыфIэхэм къащIащ упщIэу къыхуагъэувам я жэуапхэр. Зэанэзэпхъум сабийр гущэм зэрыхапхэ хабзэхэр ягъэлъэгъуащ, Щоджэнцыкуу Алий итха гущэкъу уэрэдыр макъ дахэкIэ жиIащ Лалинэ. Анэм пхъур зыхуэIэкIуэлъакIуэн хуейхэм хуигъасэмэ, адэм къуэхэр зыхуэнабдзэгубдзаплъэу щытыпхъэхэр ярегъащIэ. Тхьэзэплъ Ислъам и къуэхэм яригъэлъагъу, яригъащIэ щIыкIэу утыкум щикъутащ Iэнэ хъурейм тет щхьэ щIэлъэныкъуэр, абы теухуауэ щыIэ хабзэр щIалэщIэхэм ягуригъэIуащ. ФащэкIэ зэщыхуэпыкIа щIалэхэм адэм и псалъэр зэрызэхалъхьэр, анэм и гулъытэр зэрагъэлъапIэр, шыпхъум зэрыхуэгумащIэр, щIэныгъэм зэрыхуэнэхъуеиншэр, адыгагъэм зэрыщIапIыкIар дагъэлъэгъуащ а махуэм. Хэбдзыну зы яхэмылъу утыкум зэдитащ адыгагъэр зи псэлъэкIэ, зекIуэкIэ къудейм къыхэщ унагъуэр.

Гувэжыкъуэхэ я унагъуэм я нанэр, анэр, пщащэмрэ щIалэмрэ утыку кърахьар адыгэхэм я зэхэтыкIэ екIумрэ гъэсэныгъэ дахэмрэт. Унагъуэм лъакъуибгъу щIэтщ жыхуаIэрати, пщащэ цIыкIум къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ я унагъуэм щIэсхэм, экраным къридзэ сурэтхэм тепсэлъыхьурэ. Ахэр фIы дыдэу хуэхьэзырт акъыл жанагъыр къыщалъытэ Iыхьэм. Я къалэнхэм фIы дыдэу пэлъэща нэужь, гъуазджэм, щэнхабзэм зэрыпэмыIэщIэр наIуэ ищIу, хъыджэбзым уэрэд жиIащ. ЩIопщакIуэ дауэдапщэр щагъэлъагъуэм, абы пыщIа хабзэ псори жаIащ, нанэм езым игъэжьа тхъурыжь лъагэхэр щIэупщIакIуэ гъуэмылэу яIыгъыу, а Iуэхум пыщIа псори дагъэлъагъуащ, джэгу дахи иращIэкIащ.

А дахагъэ псом кIэлъыплъа къэпщытакIуэхэм я Iуэхур тыншу щытакъым. Ауэ зэпеуэ щыхъукIэ, дэтхэнэ унагъуэми игъэлъэгъуа зэфIэкIым теухуа бжыгъэхэр ягъэуващ, текIуахэр щагъэлъэпIэну пшыхь щхьэхуэу ирагъэкIуэкIынущ. Къыхэгъэщыпхъэщ дэтхэнэ унагъуэми гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэр, адыгагъэм къызэщIиубыдэ псоми зэрыщыгъуазэр, щIэблэм бзэ шэрыуэ зэраIурылъыр. Унагъуэ умыхъуу къуажэ ухъункъым, жеIэ адыгэ псалъэжьым. Апхуэдэхэр диIэху, лъэпкъри къэралри щыIэнущ, заужьынущ.

КЪЭБАРТ Мирэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

ФIыщIэм и дамыгъэ

КъБР-м щыIэ Курп лъагапIэхэм щрагъэжьащ республикэм илъэс къэс щрагъэкIуэкI «Эстафета памяти» Iуэхур. Ар Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 81-рэ зэрырикъум траухуащ. Iуэхур Тэрч районым щрагъэжьауэ республикэ псом щекIуэкIынущ накъыгъэм и 9-м пщIондэ.

IУЭХУР щаублэ щIыпIэр зэрымыщIэкIэ къыхахатэкъым. 1942 гъэм и бжьыхьэмрэ щIымахуэмрэ километр 22-рэ зи кIыхьагъ гъунапкъэр ди зауэлIхэм яхъумат, Орджоникидзэ кIуэну зи мурад бийр щызэтраIыгъэу. Абдежщ, 1943 гъэм и щIышылэм щегъэжьауэ, ди республикэр хуит къащIыжын щыщIадзар. А текIуэныгъэм я гъащIэ халъхьат цIыху миниблым щIигъум. Абыхэм зэрахьа лIыгъэр лъагапIэм и щыгум тет фэеплъ мывэм къыщыхэIущIыкIащ.

Зэхыхьэм хьэщIэ лъапIэхэр хэтащ: «Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэ Яновэ Ксениерэ Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь, «Юнармия» урысейпсо сабий-ныбжьыщIэ дзэ-хэкупсэ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и штаб нэхъыщхьэм и унафэщI Головин Владиславрэ.

Тэрч районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Хъущт Аслъэнбий, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэм, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, республикэм и щIалэгъуалэм я гъусэу, удз гъэгъахэр фэеплъым тралъхьащ, хэкIуэдахэм папщIэ дакъикъэкIэ щыму щытащ. Георгий и лентIыр а махуэм иратащ Прохладнэ районым.

«Эстафета памяти» Iуэхур щIэблэхэм я зэпыщIэныгъэм и дамыгъэ хъуащ. Мы гъэми лентIыр къыщрахьэкIынущ республикэм и район, къалэ псоми, иужьу ар щекIуэкIынур Налшык къалэрщ. «Мы Iуэхум Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэр зэкъуегъэувэ, Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм пщIэ хуащIу. Метр 81-рэ хъу, георгий и лентIыр район 13-м зэIэпахынущ, фIыщIэмрэ лIыгъэмрэ я дамыгъэу», - къыхигъэщащ Яновэ Ксение.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Узэкъуэтмэ, улъэщщ

УФ-м и Президентым и унафэкIэ къэралым 2026 гъэр Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсу щагъэуващ. Мыхьэнэ зиIэ а жэрдэм щIагъуэм лъэпкъыбэр зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу зэдэгъуэгурыкIуэным, я зэхуакум пщIэ дэлъу къызэдекIуэкIыным нэхъапэ зэрыщымыIэр къегъэлъагъуэ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ къызэралъытэмкIэ, ЩIы хъурейм лъэпкъ минитIым къыщегъэжьауэ минитхум нэс щопсэу. Бжыгъэр пыухыкIауэ щIыщымытым щхьэусыгъуэ иIэщ. Зы бзэм лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэр ирипсэлъэнкIэ, бзэ зыбжанэр зы лъэпкъым анэдэлъхубзэу Iурылъу къекIуэкIынкIэ хъунущ. А щытыкIэм зи лъэпкъ щIэжыр зэщхьэщыкI жылагъуэхэр тыншу къыхэбгъэщыну Iэмал къыуитыркъым. Дунейр бей зыщIыр абы тет лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэмрэ щэнхабзэ зэмылIэужьыгъуэхэмрэщ: цIыхухэр я гупсысэкIэмкIэ зэрощIэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэмкIэ зохъуажэ, нэхъ гъунэгъу зэхуохъу.

«ИпэжыпIэкIэ, фызэрыщIэн икIи фызэрыцIыхун папщIэ, цIыхухъурэ цIыхубзу, лъэпкъырэ жылагъуэу фыкъэзгъэщIащ...», - щыжеIэ Тхьэм ФIыцIагъэ ЛъапIэм, лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ зэхущытыкIэхэм хуэсакъыну къыхуриджэу. Адыгэхэми зэгурыIуэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ Iэджэ фIыгъуэ нэхърэ зэрынэхъыфIыр къызэхэщ IуэрыIуатэ куэд яхъумащ, а еплъыкIэри я лъэпкъ хабзэхэми хаухуэнэфащ. Къапщтэмэ, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм дунейр зэмыщхь зыщI жылагъуэ гъэщIэгъуэнхэр зэрыщыIэр, абыхэм гъунэгъу захуэщIауэ зэгъэцIыхуныр, яхэлъ фIыр къыхахыу зыхэлъхьэныр я зэхэщIыкIым къотIасэ. Зы щапхъэ къэтхьынщ: адыгэ кхъуейр дуней псом щыцIэрыIуэщ. Кхъуейм и махуэр щагъэлъапIэм, ар зищIысыр къэзыщIа зэщхьэгъуситI Бразилием къикIри, зыгъэ Адыгэ Республикэм къэкIуауэ щытащ. Кхъуейм и фIыгъэкIэ абыхэм къацIыхуащ ар зи шхыныгъуэ лъэпкъри, абыхэм я щэнхабзэри. Иджы илъэсищ хъуауэ ахэр ди щIыпIэм къокIуэ, нэхъ гъунэгъуу дызрагъэцIыху.

Иджыри нэгъуэщI зы щапхъэ. «Щхьагъышрэ кIахэпхъурэ», - жиIащ пасэрейм, адыгэшрэ адыгэ цIыхубзрэ нэхъ дахэ щымыIэу кърегъэкIыу. Ар ди лъэпкъ еплъыкIэми, гъунэгъухэри абыкIэ арэзы къыддэхъуащ. Адыгэ бзылъхугъэм и дахагъым уэрэдхэр траусыхьащ, адыгэшым и бэшэчагъымрэ и фIагъымрэ тхыдэжьхэр хузэхалъхьащ. Тыркухэм адыгэхэм я гугъу щащIкIэ, зэгурыIуэр щытепщэ, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я увыпIэр щыубзыхуа, хабзэ къыщекIуэкI унагъуэ зэращIыр занщIэу къыхагъэщ. Ар зи фIыщIэр цIыхубзращи, куэд хущIокъу адыгэхэм къахэкIа бзылъхугъэр гъащIэ Iэпэгъу ящIыну. Апхуэдэурэщ цIыхухэмрэ лъэпкъхэмрэ зэрызэрыщIэр, гъунэгъу зэрызэхъуэхъур.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыдэлъху лъэпкъитIым - адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ - къищынэмыщIауэ, иджыри лъэпкъи 100-м щIигъум къахэкIахэри щопсэу. Къапщтэмэ, ди щIыналъэр къэралым и нэхъ лъэпкъыбэ хэгъэгухэм ящыщщ. Сыт дэ дызэзыпхыр, сыт гъунэгъу дызэхуэзыщIыр? ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэр псоми ди зэхуэдэ зыгъэпсэхупIэу зэрыщытра? Лъэпкъ къафэхэмрэ пшыналъэхэмрэ псоми зэрытфIэфIра? Адыгэ лэкъумымрэ балъкъэр хъыршынымрэ зыми зэрыхэдмылъхьэра? Мис апхуэдэ упщIэхэр зыхуигъэувыжри, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыналъэ Iуэхухэр зегъэкIуэнымкIэ и центрым пэхуэщIэ хьэлэмэт къыхилъхьащ. «Зэкъуэтыныгъэм и тхыдэхэр» - аращ зэреджэр а жэрдэмым, ди щIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм мы Iуэхум теухуауэ яIэ хъыбархэмрэ гукъэкIыжхэмрэ зэхуэзыхьэс гукъэкIым.

КъытщIэувэ щIэблэхэм дежкIэ псоми ди зэхуэдэ лъапIэныгъэхэр зэхэщIыкIыгъуэу икIи гурыIуэгъуэу нэхьэса хъун папщIэ, пэхуэщIэм и къыдэкIыгъуэ къэс унагъуэхэм я хъыбар щхьэхуэхэр къигъэлъэгъуэнущ, лъэпкъ къэс и макъыр, и дунейр, и щэнхабзэр къызытещыж теплъэгъуэхэр къитынущ. «Зэкъуэтыныгъэм и тхыдэхэм» къагъэлъэгъуэнущ ди щIыналъэм щыпсэу дэтхэнэ зыри адрейм зэремыщхьыр, гъэщIэгъуэн куэд зэрыкъуэлъыр, зыми хуэмыдэ щэнхабзэ зэрызэрихьэр. Сыт хуэдизу зэщхьэщымыкIми, ахэр зэрешалIэ лъэпкъыбэ хэкум къызэрыщыхъуам, абы хуаIэ фIылъагъуныгъэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр щапхъэ дахэ ирокъу лъэпкъыбэ гъащIэр зэрыбейр икIи зэрыгуащIафIэр къэбгъэлъэгъуэну. Ди тхыдэхэмкIэ дэ наIуэ къэтщIыну дызыхуейр ди щхьэм хуэдгъэфащэ лъапIэныгъэм хуэдэ къыдбгъэдэсхэм зыхедгъащIэу дыкъызэрыгъуэгурыкIуэрщ, ар анэ быдзышэм хэлъу ди щIыныгъэм хэпщIауэ дыкъызэрекIуэкIырщ. «Гъунэгъурэ гъуэншэджрэ», - жаIэ. Псалъэжьым зэпигъэува IуэхугъуитIым къаIуатэ щыгъын лIэужьыгъуэр щIыфэм лъэIэсу зэрыппэгъунэгъум ещхьу, дэтхэнэ зы гъунэгъури лъытэн зэрыхуейр. Ар лъэпкъ щэнхабзэщ, аращ къэралми дызыхуиунэтIыр. Ди фIэщ мэхъу къыхэтлъхьа жэрдэмыр куэдым гунэс зэращыхъунур, - жеIэ КъБР-м щIыналъэ Iуэхухэр зегъэкIуэнымкIэ и центрым и унафэщI КIэдыкIуей Мадинэ.

Жэрдэмым и къыдэкIыгъуэ псори Центрым интернетым щиIэ напэкIуэцIхэм хэти щилъагъуну Iэмал иIэщ.

ШУРДЫМ Динэ.

Рэмэданым и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр (нэщIыр щыщIидзэр)	Дыгъэр къыщыкъуэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр (хэщхьэжыр)	Жасыр
Мазае						
18, бэрэжьей	05.18	06.58	12.30	15.21	17.43	19.23
19, махуэку	05.27	06.57	12.30	15.22	17.44	19.24
20, мэрем	05.25	06.55	12.30	15.23	17.45	19.25
21, щэбэт	05.24	06.54	12.30	15.24	17.46	19.26
22, тхьэмахуэ	05.22	06.52	12.30	15.25	17.48	19.28
23, блыщхьэ	05.21	06.51	12.29	15.26	17.49	19.29
24, гъубж	05.19	06.49	12.29	15.27	17.50	19.30
25, бэрэжьей	05.17	06.47	12.29	15.28	17.52	19.32
26, махуэку	05.16	06.46	12.29	15.29	17.53	19.33
27, мэрем	05.14	06.44	12.29	15.30	17.54	19.34
28, щэбэт	05.12	06.43	12.29	15.32	17.56	19.36
Гъатхэпэ						
1, тхьэмахуэ	05.11	06.41	12.28	15.33	17.57	19.37
2, блыщхьэ	05.09	06.39	12.28	15.34	17.58	19.38
3, гъубж	05.07	06.37	12.28	15.35	17.59	19.39
4, бэрэжьей	05.06	06.36	12.27	15.35	18.01	19.41
5, махуэку	05.04	06.34	12.27	15.36	18.02	19.42
6, мэрем	05.02	06.32	12.27	15.37	18.03	19.43
7, щэбэт	05.01	06.31	12.27	15.38	18.04	19.44
8, тхьэмахуэ	04.59	06.29	12.26	15.39	18.06	19.46
9, блыщхьэ	04.57	06.27	12.26	15.39	18.07	19.47
10, гъубж	04.55	06.25	12.26	15.40	18.08	19.48
11, бэрэжьей	04.54	06.24	12.26	15.41	18.09	19.49
12, махуэку	04.52	06.22	12.26	15.41	18.11	19.51
13, мэрем	04.50	06.20	12.25	15.42	18.12	19.52
14, щэбэт	04.48	06.18	12.25	15.43	18.13	19.53
15, тхьэмахуэ	04.46	06.16	12.25	15.44	18.14	19.54
		Къэдэр жэщ				
16, блыщхьэ	04.45	06.15	12.24	15.44	18.16	19.56
17, гъубж	04.43	06.13	12.24	15.45	18.17	19.57
18, бэрэжьей	04.41	06.11	12.24	15.46	18.18	19.58
19, махуэку	04.39	06.09	12.23	15.46	18.19	19.59

Гу зылъытапхъэ: ***НэщIикIыж хьидыр зыхуэзэ махуэр Рэмэданым и кIэм яубзыхунуращи, зэхъуэкIыныгъэ иIэнкIи хъунущ.***

Дунейм щыхъыбархэр

Венгриер арэзыкъым

Украинэр Евросоюзым хагъэхьэнымкIэ мыарэзыуэ къэуващ Будапешт. «Ар къэхъумэ, зэгухьэныгъэр зэныкъуэкъум хэхуэнущ, дэ апхуэдэ Iуэху къекIуэкIыкIэм зыкIи дыхуейкъым», - жиIащ Венгрием хамэ къэрал IуэхухэмкIэ къэрал щIыб экономикэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министр Сийяртэ Петер.

МИНИСТРЫМ жиIащ я къэралым и правительствэр яхъуэжмэ, венгрхэм ят налогыр Киев дэIыгъыным зэрытрагъэкIуэдэнур, нобэ унафэщI къулыкъур зыIэщIэлъхэм апхуэдэ Iуэху зэрызэрамыхуэр. Апхуэдэуи абы къыхигъэщащ Евросоюзым хэт къэралхэм ящыщ гуэрми Урысейр зэрытемыуар.

Венгрием и Правительствэм къэралым и Парламентым зыхуигъэзащ Украинэр Евросоюзым хыхьэныр, ар дзэ зэгухьэныгъэ ящIыну яужь зэритыр зымыдэ резолюцэ къыхалъхьэну.

Мэкъуауэгъуэм и 1-м щIадзэ

«2026 гъэм еджакIуэхэм я нэхъыбэм Зыуэ щыт къэрал экзаменхэр ятынущ обществознаниемкIэ, информатикэмкIэ, биологиемкIэ. Мы гъэ еджэгъуэм а предметищым нэхъ щIэупщIэ яIэщ», - «Урысейр нобэ» дунейпсо мультимедийнэ пресс-центрым щекIуэкIа зэхыхьэм апхуэдэу щыжиIащ «Рособрнадзор»-м и унафэщI Музаев Анзор.

ОБЩЕСТВОЗНАНИЕР къыхахащ цIыху 296447-м. Ар экзаменхэр зытынухэм я процент 39,7-рэ мэхъу. Информатикэр къыхахащ еджакIуэхэм я процент 21,7-м, биологиер процент 20,3-м. Абыхэм къакIэлъокIуэ физикэмрэ химиемрэ. Къыхэгъэщыпхъэщ мы предметхэр нэгъабэ къыхэзыхахэм нэхърэ мы гъэм ахэр зытынухэр фIыуэ зэрынэхъыбэр.

Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щIадзэнущ. А махуэм ятынущ тхыдэр, литературэр, химиер.

Мазаем и 19, *махуэку*

♦Джейхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ

♦**1954 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкIэ Къырым областыр РСФСР-м хагъэкIри, Украинэм иратащ.

♦**1949 гъэм** къалъхуащ адыгэ макъамэдж **Къардэн Юлие**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Мазаем и 20, *мэрем*

♦ЦIыхухэр зэхуэгъэдэным и дунейпсо махуэщ

♦**1975 гъэм** Хьэуам зыщыхъумэжынымкIэ дзэхэм я махуэр ягъэуващ.

♦**1940 гъэм** Налшык къалэм IэфIыкIэ щащI фабрикэ къыщызэIуахащ.

♦**1897 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакIуэ **Теувэж Хьэбиб**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору щыта **Гъащтэ Абдул**.

♦**1942 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и цIыхубэ артист, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Къэрал саугъэтым и лауреат, жылагъуэ лэжьакIуэ **ХьэIупэ ДжэбрэIил**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, Москва и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгейм и щIыхь» медалыр зрата **Дзыбэ Мусэ**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм, КъБР-м щIыхь зиIэ я артисткэ **БжэIумых Барисэт**.

♦**1979 гъэм** къалъхуащ «Iуащхьэмахуэ» журналым жэуап зыхь и секретарь, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и редактор **Истэпан Залинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 8 - 9, жэщым щIыIэр градус 0 - 3 щыхъунущ.

Дыгъуасэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщалъхуащ сабий 30. Абыхэм ящыщу 11-р хъыджэбз цIыкIущ, 19-р щIалэщ. Мазаем зэрыщIидзэрэ щIыналъэм дунейм къыщытехьащ сабий 448-рэ, илъэсым и пэщIэдзэм щегъэжьауэ 1243-рэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэт**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Абрэмывэрэ пэт зы пIэм илъкъым.

ХъыбарегъащIэ

2026 гъэм мазаем и 25-м сыхьэт 11.00-м деж, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и прокурорымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и хьэрычэтыщIэхэм я хьэкъым къыщхьэщыжынымкIэ Уполномоченнэмрэ *мы щIыпIэм:* Налшык къалэ, Кулиевым и цIэр зезыхьэ проспект, 16, зэгъусэу цIыхухэр къыщрагъэблэгъэнущ, хьэрычэт лэжьыгъэ мащIэмрэ курытымрэ езыгъэкIуэкIхэм хабзэкIэ къалъыс я хуитыныгъэхэр хъума зэрыхъунумрэ я Iуэху зэрыдагъэкIынумрэ тепсэлъыхьын папщIэ.

Телефонхэр: 8(8662)40-20-48, 42-29-05, 40-48-60

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Бэджыхъым дилъэхъащ

Зэман кIэщI дыдэм къриубыдэу цIыхум зиужьащ. Илъэс мин бжыгъэкIэ къикIуа гъуэгуанэракъым зи гугъу сщIыр... Къэрал зыбжанэ щIым щыщ щащIа ЕтIуанэ дунейпсо зауэм укъыдэбжэмэ, зы лIэщIыгъуэ иримыкъум къриубыдэу цIыхухэм щIэрыщIэу я щIыналъэхэр яухуэжщ, хьэршым лъатэщ, интернетыр къагупсысри, ЩIым и купщIэм къыщыщIэдзауэ, нэгум къыхущIэмыгъэхьэ Уахэ жыжьэм нэс я зэхуакум дэлъ куэдыр яджащ.



А ПСОМИ ухэплъэжмэ, гъэщIэгъуэныщэщ интернетымрэ ар зэрылажьэ щIыкIэмрэ.

Африкэ Ипщэм щыпсэур Аляскэм тесым и пащхьэ итым хуэдэу щепсэлъэф, видеожыпхъэкIэ щызэрылъагъуф, хэти ущыкIэлъыплъыф, сыт хуэдэ Iуэхугъуэм теухуауи узыхуей дыдэр дакъикъэ бжыгъэкIэ къыщыбгъуэтыф лъэхъэнэщ дыщыпсэур. ЩIэныгъэ лэжьыгъэ пхыдгъэкIын папщIэ, япэм илъэс бжыгъэкIэ библиотекэхэм дыщIэсу, тхылъ щэ бжыгъэхэр щIэдджыкIыу щытамэ, иджыпсту ар къэухь IэрыщIым зы дакъикъэкIэ хьэзыру уи пащхьэ кърелъхьэ.

Пэжщ, апхуэдэ программэхэр нэгъабэ «гупсысэу» зэрыщытамрэ, иджы дыдэ ятхахэм я лэжьэкIэмрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакущ. Ахэр нэхъ Iущ мэхъу, дэфтэр хъумапIэхэмрэ библиотекэхэмрэ щIэлъ тхылъ мелуан бжыгъэхэр бжыгъэм хуагъакIуэурэ, щIэ зимыIэ интернетым иралъхьэ, къэухь IэрыщIым щхьэ куцI гъуэзэджэ къыхузэрагъэпэщ нэхъей.

Апхуэдизу гугъу ехьу, гъащIэ псо трагъэкIуадэурэ ди япэ ита еджагъэшхуэхэм зэхуахьэса щIэныгъэ хьэзырыр щызэхуэхьэса интернетым, цIыхум и пIэкIэ «гупсысэу», лэжьэн щIидзагъэххэщ. ПроизводствэрIэмэпсымэкIэ къызэгъэпэщарэ, а Iэмэпсымэхэр компьютерым пыщIауэ лажьэмэ, - жэмыр къишмэ, гъэшыр зэрихьэмэ, щэкIыр иджмэ, ибзрэ идыжмэ, пщафIэмэ, гущхьэдэс хуэмейуэ, машинэхэр езыр-езыру зекIуэжмэ, - цIыхур сыту ищIыжыну ЩIы хъурейм?! Iэпщэ къарум и закъуэкъым, щэнхабзэми гъуазджэми хэIэбащ цIыхум къигъэщIами, хьэрхуэрэгъу къыхуэхъужа къэухь IэрыщIыр.

Псалъэм папщIэ, GPT-chat-м сурэт ищIын хуейуэ унафэ хубощI. А сурэтым къищын хуейр зищIысыр, зытеухуар, сыт хуэдэ жанрым тету тхауэ щытыпхъэми кIэщIу жыбоIэри, цIыхур тхьэмахуэ зэхуакукIэрэ зэлэжьыну теплъэгъуэр секунд бжыгъэм етх. Апхуэдэщ макъамэмрэ литературэмрэ я Iуэхури. Итхым и закъуэ мыхъуу, игъэзэщIэжауэ, уэрэд хьэзыр уи пащхьэ кърелъхьэ.

А псоми ущегупсыскIэ, умышынэн плъэкIыркъым... Меларди 8 ирикъуащ цIыхухэм я бжыгъэр. Язынықъуэ къэралыгъуэхэм щыпсэур яфIэмащIэу, лъэпкъ Iуэху ящIри, лъхугъэм зэрыхагъэхъуэн Iэмалхэр къыхалъхьэ. АтIэми, нэхъапэм заводхэм, фабрикэхэм цIыху мин бжыгъэхэр щылажьэу щытамэ, абыхэм я лэжьыгъэр залымыгъэкIэ ягъэгупсысэ IэмэпсымэхэмкIэ яхъуэжри, псэзыIутхэр лъэныкъуэ ирагъэзащ. Лэжьыгъэншэхэм я бжыгъэм хэхъуащи, мэзэш, къызыхуигъэщIар къагурымыIуэжу, псантхуэ уз зэмылIэужьыгъуэхэр къалъыкъуокI. Пособиерэ сабий ахъшэрэ зыхуагъэувхэр куэдыIуэ хъуащи, нэхъ мащIэм зэрыратын Iэмал лъыхъуэу, илъэс къэс хабзэхэр яхъуэж. Пособиеми къыпыхуауэ лэжьыгъэ зымыгъуэтхэм я псантхуэ узыр нэхъ хьэлъэ мэхъу. Арами, «фыбагъуэ, дымащIэщ» жызыIар къэралыр аракъэ?! Къалъхуахэм я къэкIуэнум къэухь IэрыщIыр хэзыблари аракъэ?

Ауэ щыхъукIэ, пшэ фIыцIэжьу уэгум щоуфэразэ зы упщIэ - псори къэухь IэрыщIым щытIэщIихакIэ, сыт я натIэ хъунур апхуэдиз цIыхум?

ЩIыуэпсым хэлъщ сыт хуэдэ узми и хущхъуэгъуэр

Илъэс мин бжыгъэкIэ ди япэ итахэр кIэлъыплъащ щIыуэпсым, къэкIыгъэхэм, удзхэм - ахэр цIыхум епхьэлIа нэужь сэбэп е зэран зэрыхуэхъум. Ауэрэ къэунэхуащ цIыхубэ медицинэр. Нобэ фармацием ищIэ хущхъуэгъуэ мин бжыгъэхэм, дауи, пасэрейхэр пэжыжьэт, ауэ узыфэ шынагъуэхэм зэрызыщахъумэ, зэрызагъэхъуж Iэмалхэм щыгъуазэт.

НОБИ, цIыхум и зыужьыгъуэм, щIэныгъэр и лъабжьэу зэхалъхьа иужьрей хущхъуэ нэхъ лъапсейхэр зыпэмылъэщ узыфэ куэд ягъэхъуж удз хущхъуэкIэ. Къыхэгъэщыпхъэщ, удз хущхъуэ зэпхьэлIэн ипэкIэ дохутырым ечэнджэщын зэрыхуейр. Зыщывмыгъэгъупщэ цIыхухэр псори зэрызэхуэмыдэр, зым и хущхъуэр адрейм и щхъухьу къыщIэкIынкIэ зэрыхъунур. КъызэрыгуэкI удзым цIыхум аллергие къритынкIэ мэхъу, емызэгъыу. Нэхъ шынагъуэжырщи, аллергием деж къыщымыувыIэу, цIыхум и тхьэмбылыр игъэбэгрэ, мыбэуэфу дакъикъэ бжыгъэкIэ лIэнкIэ шынагъуэщ. Аращи, цIыхум хуатха хущхъуэр мащIэ-мащIэурэ зы тхьэмахуэкIэ зрихьэлIэн хуейщ, къэзэгъэрэ къемызэгъэрэ къыгурыIуэн папщIэ. И щIыфэр къригъэлъэлъмэ, и нэпсыр къыщIигъэжмэ, жьы къыпригъэубыдмэ, и щхьэр игъэуназэмэ, игъэузмэ, зыгуэркIэ къефыкIыу гу лъитэмэ, а хущхъуэр емызэгъыу аращи, зрихьэлIэ хъунукъым. Апхуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр цIыхум къылъыкъуэмыкIмэ, етIуанэ тхьэмахуэм щыщIэдзауэ зэрыхуатхам тету зрихьэлIэ хъунущ.

- *Лъакъуэм хуэш къыхыхьэреймэ*, пщэдджыжьымрэ пщыхьэщхьэмрэ лъэгум лимоныпс щахуэри, лъэпэд хуабэ щатIэгъэж. Ар псыIагъэр гъущыху щагъагъ. ТхьэмахуитIкIэ зрахьэлIэ.
- *ЦIыхум стресс иIэмэ*, джэдгын грамми 5-м псы къэкъуалъэ литр ныкъуэ щIакIэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъэ 40-кIэ щагъэт. УпщIыIужа нэужькIэ Iыхьи 3-4-уэ ягуэшри, псори зы махуэм къриубыдэу ираф. Тхьэмахуэм 2 - 3 нэхърэ нэхъыбэрэ уефэ хъунукъым.
- *Пневмониер* (тхьэмбыл узыфэ) хьэкIэ ягъэхъуж. Хьэ стэчаным шэ литр щIакIэри, зы сыхьэт хуэдизкIэ ягъавэ, цIыкIу дыдэу ешэхауэ. Сыхьэт зэрыдэкIыу, хьэр мафIэм къытрахыж, язри, шэм тхъу е фо хэлъу йофэ пщтыр щIыкIэ. Термосым иту зепхьэ хъунукъым, шэр фIэIунущ.
- *Сабийр ныбажэ хъуамэ*, ар псынщIэу къызэрывгъэувыIэным яужь фит. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, кIуэцIыр кърилъэсыкIа нэужь мыувыIэж ныбажэм цIыхум псы фIегъэкIуэд. ДызэрыщыгъуазэщИ, цIыхум и IэпкълъэпкъыМ псыуэ щIэтым и проценти 10 чэму щытмэ, малIэ. Ныбажэм и хущхъуэгъуэщ прунжыр. Прунж лошкIэшхуэм псы стэчани 6 - 7 щIакIэри, ягъавэ. Хьэзыр хъуа нэужь языжри, стэканым и Iыхьэ щанэурэ сыхьэтитI къэскIэ сабийр ирагъафэ.
- *Жьэжьейхэмрэ тхьэмщIыгъумрэ мывэ иримыщIэн папщIэ* балыджэ фIыцIэм и псыр къыщIахури, бжэмышхышхуэ зырызурэ махуэм 3 йофэ.
- *ЦIынагъэхэр* тхъуий (гречкэ) хьэжыгъэкIэ ягъэхъуж.
- *ЩIыфэ уз зэмылIэужьыгъуэхэр (къищэща, къиткIуэткIуа, бэгум ищта)* зэрыджэкIэ ягъэхъуж. ЗэрытщIэщи, щIыфэ узхэр кIэтIийм епхащ. Абы къыхэкIыу, зэрыджэ пIытIа бжэмышхышхуи 2-м псы къэкъуалъэ стэкан щIыдокIэри, сыхьэти 4-кIэ щыта нэужь, дофэ. Абы къищынэмыщIауэ, зэрыджэ пIытIар къищэщам, къиткIуэткIуам щыдохуэ.
- *Пэм лъы къыщиудауэ, яхуэмыгъэувыIэмэ*, зы лимоным и Iыхьэ плIанэм и псымрэ уксус бжэмыш цIыкIурэ псы стэканым хакIэри, ар пэкIэ драшей, щхьэр яIэтри, жьэкIэ бауэу дакъикъи 2 - 3-кIэ щос. Абы къыдэкIуэу натIэм щIыIэ гуэр тралъхьэ.
- *Тэмакъ узым* (ларингит, ангинэ, фарингит) сэбэп хуохъу жэгундэпсыр. Жэгундэр зэратхъунщIым щIагъэкI, и псыр къыщIакъузыкIри, уксус бжэмыш цIыкIу хакIэж. Ар махуэм 5 - 6 тэмакъым ирагъэжыхь.

ЗекIуэм къыпкърыкI къарур къагъэсэбэп

IэмалыщIэхэр Iэгъэбэгум хуэдэу «щыкI» Японием иджыблагъэ щагъэунэхуащ уэздыгъэ къызэралэжь пьезоэлектрэ лъэгухэр. Токио и уэрамхэм уриплъэмэ, зы жэщ-махуэм къриубыдэу цIыху нэхъыбэ дыдэ щызэблэкIыу иIэр Сибуя гъуэгу зэхэкIыпIэрщ. Абы ирадза плиткэхэм цIыхур щытеувэкIэ, уэрамыр къэзыгъэнэху уэздыгъэ къилэжьу жаIэ.

КЪЫЗЭРАХУТАМКIЭ, мы уэрамым тет светофорыр удзыфэу къыщыблэкIэ, цIыху мини 3-м нэсым зэуэ гъуэгур зэпаупщI! Вокзал нэхъыщхьэр зытет уэрамыр сытым дежи зэщIовэ, нэщIу зэи плъагъунукъым. Ар къалъытэри, щIэныгъэлIхэм къыхалъхьащ апхуэдиз цIыху зэблэкIым къызэщIагъэхъае гуащIэр фейдэ пылъу къэбгъэсэбэп хъуну. Апхуэдэу, плиткэхэм зэхуахьэс цIыхухэр щызекIуэкIэ къапкърыкI кинетикэ къарури, уэрамым уэздыгъэрэ рекламэ къаблэу тетыр егъэлажьэ.

Зи гугъу тщIы Iэмалым экономикэ и лъэныкъуэкIэ фейдэуэ пылъыр дяпэкIэ къабжыну аращ. Илъэс зыбжанэкIэ кIэлъыплъа нэужь, плиткэхэм текIуэдар къилэжьыж-къимылэжьыжыр къахутэнурэ, фейдэ пылъмэ, электрокъару къызэралэжь Iэмал къызэрыгуэкIхэр цIыхухэм IэщIыб ящIынкIэ хъунущ.

Японием и щIэныгъэлIхэм жаIэ Сибуя иралъхьа плиткэхэр щIыуэпсым зыкIи зэран зэрыхуэмыхъур. Сыту жыпIэмэ, хэкъутыкIар зэпхъуэкI мыхъумэ, нэгъуэщI гуныкъуэгъуэ пылъынукъым мы Iэмалым: ахэр зэрылэжьэн гъэсыныпхъэ улъыхъуэнукъым, гъуэз щхъухь къыпех жыпIэу уигъэгузэвэнукъым, кIэрыхубжьэрыху къыпыкIынукъым. ЦIыху нэхъыбэ щызекIуэху, уэрамыр нэхъыфIу къигъэнэхуну аращ. Ауэ, жыпIэнуракъэ, плиткэхэр лъапсейщ, ар зэрылажьэ щIыкIэр зэтеухуэным, идзыжыным ахъшэшхуэ ехь.

Японием и закъуэкъым ар къыщагъэсэбэпыр. Бедфордшир (Британием) щыIэ Лейтон-Баззард гъущI гъуэгу вокзалым илъщ дызытепсэлъыхь пьезоэлектрикэ плиткэхэм хуэдэ. Абыхэм къалэжь электрокъарум вокзалыр зэрыщыту къегъэнэху, телефонхэм зарядкэ зэрырат, электроIэмэпсымэхэр зэрылажьэ уэздыгъэр къыпах. Пэжу, Японием хуэдэу Лейтон-Баззард цIыхушхуэ щызекIуэркъым. Илъэсым къриубыдэу цIыху мелуани 2-м нэблагъэ щызэблэкIми аращ.

ЩапхъэфI щыIэщ, адрей къэралыгъуэхэр набдзэгубдзаплъэмэ, жыжьэрыплъэмэ.

Ветеранхэмрэ студентхэмрэ

Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щекIуэкIащ «Урысей зэкъуэтым и щIэблэщIэ гвардие» жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм и унафэщI Молей Алихьанрэ студентхэмрэ я зэIущIэ. Абы кърихьэлIахэр щигъэгъуэзащ зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм.

«ЩIЭБЛЭЩIЭ гвардием» и лэжьыгъэм и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэныр. Волонтёрхэр ядоIэпыкъу зауэлIхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщынымкIэ, ерыскъыхэкIхэр, хущхъуэхэр, щыгъынхэр, щIыунэхэр зэрагъэхуабэ хьэкухэр, квадрокоптерхэмрэ рацэхэмрэ, нэгъуэщI техникэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхуахьэса гуманитар дэIэпыкъуныгъэхэр щIэх-щIэхыурэ хурагъашэ.

КъБКъУ-м ЩIалэгъуалэр хэкупсэу гъэсэнымкIэ и центрым и унафэщI, зауэм и ветеран, дзэ Iуэху хэхам хэта Шевчук Герман псалъэ щратым къыхигъэщащ республикэм щыIэ «Урысей зэкъуэтым и щIэблэщIэ гвардием» дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щыпIэм дэIэпыкъуныгъэ мызэ-мытIэу зэрырагъэшар. «Иджыпсту гуманитар дэIэпыкъуныгъэщIэм иужь дихьэн хуейщ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Эльбрус» щIыналъэ батальоныр зыхуеинухэр зэхуэтхьэсыпхъэщ. АбыкIэ сыт щыгъуи хуэдэу, щIалэгъуалэ гвардеецхэр къыддэIэпыкъуну дыкъагъэгугъащ», - жиIащ Шевчук Герман.

Апхуэдэу щIалэгъуалэр жану ядолажьэ дзэм къулыкъу щызыщIэхэм я Iыхьлыхэм ядэIэпыкъу жылагъуэ штабымрэ «Хэкум и хъумакIуэхэр» фондымрэ. Ахэр щIэгъэкъуэн яхуохъу унагъуэ Iуэхухэр зэфIэхынымкIэ, зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр егъэкIуэкIынымкIэ, ерыскъы къахуэщэхунымкIэ, унэй хадэхэм якIэлъыплъынымкIэ. НыбжьыщIэхэм Iуэхум фIыуэ зэрыхащIыкIым къыхэкIыу, чэнджэщэгъу мэхъу социальнэ ахъшэхэмрэ льготэхэмрэ къызэрыIах щIыкIэр ягурыгъэIуэным теухуауэ.

Иджы 2026 гъэм и мазаем дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я унагъуэхэм папщIэ махуэ хэхахэр яубзыхуащ. ЩIалэгъуалэр ветеранхэм ядэIэпыкъунущ я хьэрычэтыщIэ Iуэхум зрагъэужьынымкIэ, сом мин 350-м нэс къэралым къаритынымкIэ социальнэ контрактхэр ещIылIэнымкIэ, щIыналъэр зэрадэIэпыкъу Iэмалхэр ягурыгъэIуэнымкIэ. Ветеранхэр щIалэгъуалэм япыщIэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щызэхалъхьа проектхэр 2025 гъэм федеральнэ къулыкъущIапIэхэм къыщалъытащ икIи адрей хэгъэгухэм щапхъэу щагъэлъэгъуащ.

Мыхьэнэшхуэ зиIэ нэгъуэщI зы унэтIыныгъэщ узыншагъэр егъэфIэкIуэным дегъэхьэхынри. Абы ехьэлIауэ спорт зэпеуэхэр къызэрагъэпэщ, грэпплингымкIэ зэхьэзэхуэхэр зэхашэ. ЗыщагъасэкIэ ахэр я нэIэ щIэтщ спортсмен цIэрыIуэхэмрэ зауэлI хахуэхэмрэ. Мы Iуэхугъуэхэр щIалэгъуалэр жыджэру икIи узыншэу щытыным сэбэп хуохъу. КъищынэмыщIауэ, зэгухьэныгъэр хэтщ зи ныбжьыр илъэс 18-м къыщыщIэдзауэ 35-м нэс ныбжьыщIэхэр егъэджэным, я къэухьым зегъэужьыным хуэгъэпса «ПолитЗавод» федеральнэ проектым. ЩIалэгъуалэм къыхалъхьэу ехъулIэныгъэхэр яIэу зэфIагъэкIахэм ящыщщ лъы тыным, щIыуэпсыр хъумэным теухуа Iуэхухэр апхуэдэуи кIэлъыплъащ еджапIэхэр зэгъэпэщыжыныр, республикэм и щIыналъэхэр зэIузэпэщ щIыныр зи къалэн «ЦIыхубэ программэр» гъэзэщIа зэрыхъум.

Молей Алихьан зэрыжиIамкIэ, «Урысей зэкъуэтым и щIэблэщIэ гвардием» иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм зэрыхэтым студентхэм Iэмал куэд къарет IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, политикэри хэту, зыхуагъэсэнымкIэ. Зэрыхабзэщи, апхуэдэ студент жыджэрхэр гвардеецхэм я зэгухьэныгъэм хэткIэрэ къэрал, жылагъуэ IэнатIэхэм пэроувэ. «Урысей зэкъуэтым и щIэблэщIэ гвардием» и щIыналъэ къудамэр щIэгъэхуэбжьауэ ядолажьэ республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм. Ди газетымкIэ хъыбар зэрывэдгъэщIащи, 2026 гъэм и щIышылэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым къыщызэIуахащ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и къудамэщIэ, абы студентхэр щIалэгъуалэ политикэмрэ жылагъуэ Iуэхухэмрэ хэшэным хуэунэтIауэ къалэнышхуэ егъэзащIэ.

ДАРИЙ Дахэнур.

Лъэпкъхэр къызытехъукIар

• ГъэщIэгъуэнщ

Дунейм цIыхуу тетыр расэ зэмылIэужьыгъуэу зыщхьэщIедз: европеиднэ, негроиднэ, монголоиднэ, американоиднэ, австрало-веддоиднэ, къинэмыщIхэри. Дэтхэнэри иджыри къудамэ зыщыплIу зэщхьэщокIыж. Ауэ, цIыхур хужьмэ, лъагэмэ, и нэкIур бгъуэмэ, натIэ лъагэмэ, и нэпкъ-пэпкъыр къишарэ и жьэпкъыр хуэпсыгъуэмэ, пэ къуаншэмэ, нэ фIыцIэрэ щхьэц фIыцIэмэ, абы щхьэкIэ европеиднэ расэ, е «кавкасионскэ тип» жаIэ. ИкIи цIыху хужьу дунейм тетыр къызытехъукIыжахэр лъэхъэнэ жыжьэ гуэрым Кавказым икIыу, дунейм зытраубгъуауэ аращ, генетикхэм зэрыжаIэмкIэ.

КАВКАСИОНСКЭ типым хеубыдэ куржыхэр, осетинхэр, лезгинхэр, къэрэшейхэр, ингушхэр, адыгэхэр, европей цIыху хужьхэр, къинэмыщIхэри. КIэщIу жыпIэмэ, лъэпкъ 50-м нос ахэр.

Бзэм утепсэлъыхьми, Кавказым щыпсэу лъэпкъхэм я бзэр индоевропей, тырку, кавказыбзэ жиIэу зэхэлъщ. Индоевропейм иропсалъэ осетинхэр, армянхэр, хьэмшэрийхэр. Кавказыбзэхэм - куржыхэр, адыгэхэр, абазэхэр, ингушхэр, шэшэнхэр, авархэр, лезгинхэр. Тыркубзэм - азербайджанхэр, балъкъэрхэр, къэрэшейхэр, къумыкъухэр, нэгъуейхэр, тыркухэр.

Кавказым щыпсэу лъэпкъ мащIэхэм щхьэж и тхыдэ, бзэ, блэкIа яIэжщ, зыкIи зэщымыщу. Ауэ, сыт ДНК-генеалогием жиIэр абы теухуауэ? Хэт ахэр къызытехъукIар? Ахэр сыткIэ зэгухьэрэ?

Илъэс мин бжыгъэ ипэкIэ Кавказым щыпсэуа лъэпкъхэм я щэнхабзэр къэзыгъэлъагъуэ кхъэлъахэ зэмылIэужьыгъуэхэр щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ къыщагъуэтыж. Абыхэм нэхъыжь дыдэу яхэтыр кавказ ищхъэрэ культурэращ (ди лъэхъэнэм илъэс мини 6500-5500-кIэ узэIэбэкIыжмэ щыIар). Нобэрей Адыгеймрэ КъэрэшейШэрджэсымрэ нэхъыбэу къыщагъуэтыж мы щэнхабзэм и щIэинхэр. Ар тIэкIу-тIэкIуурэ мейкъуапэ щэнхабзэм (ди лъэхъэнэм илъэс мини 5200-4300-рэ ипэкIэ) къыхохьэж. Мы щэнхабзэм и щIэинхэр гъуэгу псыгъуэ кIыхьу тенджыз ФIыцIэм къыщыщIэдзауэ Шэшэн Республикэм нэс къыпхокI.

Мыбдеж къыхэгъэщыпхъэщ, зы щэнхабзэр къезыхьэжьа лъэпкъым къыкIэлъыкIуэр пищэж мыхъуу, нэгъуэщI щIыпIэ жыжьэхэм къикIа лъэпкъ къыхыхьэу зэрыщытар. Кавказ щэнхабзэхэм апхуэдэу хамэхэр щэ къыхэIэбащ. Псалъэм папщIэ, илъэс мини 7000-6500-кIэ узэIэбэкIыжмэ, Месопотамием, КъуэкIыпIэ Гъунэгъум, Анатолэм къикIыу цIыху куэд къэIэпхъуауэ щытащ Кавказым. ИщхъэрэкIэ, Поволжьем, къикIыу индоевропеибзэкIэ псалъэ, Iузэвднепр культурэ, RIb гаплогупыр зезыхьэ эрбинхэр къэкIуащ. ИужьыIуэкIэ, илъэс мини 4600-4500-кIэ узэIэбэкIыжмэ, къэбан щэнхабзэр нобэкIэ зэрытщIэм хуэдэу зэтезыухуа, индоевропеибзэкIэ псалъэ, RIa гаплогупыр зезыхьэ лъэпкъыр къэIэпхъуащ.

Абыхэм лIахэр зэрыщIалъхьэ щIыкIэр зэщхьтэкъым, аращ щэнхабзэ зырыз зэрыщыщыр къызэращIа щIыкIэри. Кхъэм къыщагъуэтыжа хьэдэ къупщхьэхэм я ДНК-р яджа нэужь къахутащ мейкъуапэ щэнхабзэм ипэкIэ щыIа лъэпкъым я цIыхухъухэр эрбину зэрыщытар, RIb ген зэрахьэу. Ахэр ищхъэрэкIэ къикIат. ИужьыIуэкIэ къэунэхуа мейкъуапэ щэнхабзэр къэзыгъэщIа цIыхухэр арий расэм щыщт, RIa ген зэрахьэт, езыхэри Месопотамием къикIат.

RIa зезыхьэхэр иджыпсту Германиер зытет щIыпIэм щыпсэуащ, абыхэм я хьэдэ щIэлъхьэкIэмрэ мейкъуапэ щэнхабзэр зей, Кавказым щыпсэуа лъэпкъхэмрэ я дауэдапщэхэр зэщхьт - я лъакъуэхэр ныбэм щIэупщIарэ, джабэ ижьым телъу хьэдэр щIалъхьэрт. Хьэдэр щIыбым телъу щIэзылъхьэу щытар сыт хуэдэ лъэпкъми наIуэкъым, ауэ ахэр G2a е J2 гаплотипыр зезыхьэу щыта лъэпкъ гуэрху хуагъэфащэ.

Кавказым лъэпкъ зэмылIэужыгъуэ куэд щыпсэуауэ, ауэхэм лъэпкъ зэщымыщхэр дэсу, я бзи, я хабзи щхьэхуэу къыпщохъу. Ауэ ДНК-генеалогием теухуауэ ар пэжкъым. Кавказым щыпсэу лъэпкъыгъуэ бжыгъэншэхэр къызытехъукIар лъэпкъ зытIуйщ.

Дауэ-тIэ, псалъэм папщIэ, лъэпкъ зытIущым 150-рэ къазэрытехъукIынур жыпIэмэ, абы и жэуапри генеалогием хэлъщ. ЦIыхухъум и митохондриальнэ ДНК-м и ныкъуэм езыр-езыру зехъуэж, нэгъуэщIу жыпIэмэ, «мутацэ» къыщокIуэкIри, абы и щIэблэр лъэпкъыщIэу къэунэхункIэ мэхъу! А мутацэхэри генетикэм и хабзэ гуэрхэм тету къокIуэкI.

Гаплотип жиIэмэ, хромосомыр зэрызэхэлъ геным и ухуэкIэ жиIэу аращ. Абы къегъэлъагъуэ лъэпкъыгъуэхэр къызытехъукIыжа пасэрей лъэпкъ нэхъыщхьэм и ныбжьыр. Псалъэм папщIэ, G2aIaI гаплотипыр куржыхэм, осетинхэм, адыгэхэм, абазэхэм яIэщ. Абы къокI мыхэр къызыхэкIар зы пасэрей лъэпкъыжьу зэрыщытыр. Процент бжыгъэкIэ къыубжмэ, куржыхэм ейр - 32-рэ, осетин-дигорхэм - 55-рэ, осетин-иронхэм - 72-рэ, абазэхэм - 27-рэ, адыгэм 14 мэхъу. ЗэрытлъагъуЩи, процент бжыгъэкIэ хэт нэхъ мащIэщ, хэти нэхъыбэщ. Ауэ абы къикIыркъым, псалъэм папщIэ, осетин-иронхэр нэхъ лъэпкъ къабзэу, атIэ, мы лъэпкъхэр къызытехъукIа я адэжьыр Осетием нэхъ кIасэу къэкIуауэ, геныр иджыри «зэIащIэну» хунэсакъым жиIэу аращ. Арамэ, Кавказым ис лъэпкъхэм уахэплъэжмэ, адыгэр псом нэхърэ нэхъыжьу, пасэрей зэман жыжьэм адэжьым япэу къытехъукIа лъэпкъри арауэ жыпIэ хъунущ. Адыгэр къызытехъукIыжа лъэпкъым и ныбжьыр къахутащ генетикхэм - илъэс 11500-рэ ирокъу!

Генеалогием щынэхъыщхьэр бжыгъэхэракъым, атIэ, къахутэ пэжыращ. КъедбжэкIа псори зэхуэпхьэсыжмэ: Кавказым щыпсэу лъэпкъыгъуэ бжыгъэншэхэр лъэпкъ зытIущым къатехъукIащ; адыгэ лъэпкъыр псом нэхърэ нэхъыжьщ; ар къызытехъукIа лъэпкъыр ди лъэхъэнэм илъэс мини 7-6-кIэ ипэкIэ Месопотамием къикIри, мыбы къэIэпхъуащ; абы ипэIуэкIи илъэс мини 5-кIэ Месопотамием щыпсэуащ.

Нобэрей адыгэхэр, зэрыгурыIуэгъуэщи, лъы зэхэлъадэ бжыгъэншэхэм я бынщ, адрей лъэпкъхэми хуэдэу. НобэкIэ ди гаплогуп нэхъыщхьэхэр G2a2, G2aI, RIa жыхуиIэхэращ.

Урыс лъэпкъыр къызытехъукIам нэхърэ зэгурымыIуэныгъэ нэхъыбэ къызэрыкIа щыIэу къыщIэкIынкъым жаIэ. МГУ-мрэ Гарвардымрэ я профессор Клесов Анатолэ абы теухуауэ и Iуэху еплъыкIэр мыращ:

- А упщIэм и жэуапыр зыми ищIэркъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, лъабжэ зырыз зиIэ лъэпкъыгъуэ бжыгъэншэу зэхэлъщ нобэрей урысыр. Ауэ хьэкъыр зыщ - урысхэри, белорусхэри, украинхэри, полякхэри къызытехъукIар славянхэращ. Славянхэр гаплогупи 3-у зэхэлъщ. Ауэ, а щым ящыщу тепщэр RIa къудамэращ. ЕтIуанэ гупыр 12а-ращ. Процент бжыгъэкIэ 15 - 20 ирокъу. А гаплогупыр нэхъыбэу здэщыIэр Сербие, Хорватие, Босние, Словение, Черногорие, Македониеращ. Ещанэ пкъыгъуэу урысым яхэлъыр - NIcI-ращ (Литвам, Латвием, Эстонием щытопщэ). Урысхэм процент 14 тхэлъщ. «Урысым уесэбауэмэ, тэтэр къыщIэщынущ» жаIэурэ, адрей лъэпкъхэр къытщIонакIэ, ауэ ари пэжкъым. Уеблэмэ, тэтэрхэм урысылъ нэхъыбэу яхэтщ. Монгол лъэужь тхэмылъыххэуи жыпIэ хъунущ. RI гупым хиубыдэ къуэкIыпIэ славянхэр арий расэм и щIэблэу къалъытэ. Урысхэр къыздиIэпхъукIар дэнэ жыпIэмэ, «къабзэу» къалъытэ къуэкIыпIэ урысхэр Балканым къиIэпхъукIри, трипольскэ археологие щэнхабзэр къагъэщIащ. Урысхэмрэ украинхэмрэ я хромосомхэр бджымэ, зэщыщщ, зыкIи зэщхьэщымыкIыу. Пэжщ, Львов NIcI гупыр къыхохьэ. Езы украин генетикхэм я къэхутэныгъэхэр пцIыщ, абыхэм жаIэр щIэныгъэм къезэгъыркъым.

«Махуэкум» и къыдэкIыгъуэр зыгъэхьэзырар **ФЫРЭ Анфисэщ**.

• Мэкъумэш университетым

Туризмэмрэ къегъэблэгъэкIэмрэ

КIуэкIуэ В.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым ГастрономиемкIэ институт къыщызэIуахыну лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI. Студентхэр туризм IэнатIэмрэ хьэщIагъэмрэ пыщIа IэщIагъэхэм абы щыхурагъэджэнущ. Япэ еджакIуэхэр 2027 гъэм къащтэну траухуащ.

ПЭХУЭЩIЭР ягъэзэщIэнущ Сыбыр къэрал университетым (СФУ) и гъусэу. Нэгъабэ и жэпуэгъуэм лъэныкъуитIым зэгурыIуэныгъэхэр зэращIылIащ, «АПК-м IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырын» лъэпкъ пэхуэщIэм и Iыхьэу, курыт щIэныгъэ зэрырат Iэмалхэр егъэфIэкIуэным хуэгъэпсауэ лажьэ къэрал программэм КъБКъМУ-р хыхьа нэужь.

Мэкъумэш университетым и пэшхэр институтыщIэм хуагъэхьэзыр иджыпсту. СФУ-мрэ КъБКъМУ-мрэ я лIыкIуэхэр Налшык къалэм щызэпсэлъащ абы теухуауэ.

Сыбыр къэрал университетым ГастрономиемкIэ и институтым и директор Горенский Алексей зэрыжиIамкIэ, щIыналъэм и туризм индустрием зегъэужьыным, хьэщIагъэм пыщIауэ щыIэ иджырей технологиехэмрэ инфраструктурэмрэ къэгъэсэбэпыным хуэунэтIауэ кърахьэжьа пэхуэщIэм мыхьэнэ ин яIэщ. Ар ядиIыгъащ КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерствэм икIи ягъэзащIэ КъБР-м и Iэташхьэм и унафэкIэ.

ПэхуэщIэр хуэунэтIащ республикэм и туризм IэнатIэм а унэтIыныгъэм хуэгъэза щIэныгъэ зыбгъэдэлъ IэщIагъэлIхэр хуэгъэхьэзырыным.

ХЬЭЩОКЪУЭ Алыдж.

Адыгэм и лъапIэныгъэхэр - къафэбзэ дахэкIэ

Щэнхабзэ

Адыгэм и лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэ бейр, анэдэлъхубзэ шэрыуэр, псэкупсэ лъапIэныгъэхэр къафэбзэкIэ къыдэкIуэтей щIэблэм ябгъэдэзылъхьэ цIыху зэчиифIэщ Батыр Мущтэфар. Абы ищIэ Iуэхум и мыхьэнэр тIууащIэу егъэбагъуэ Москва зэрыщылажьэм. Зи хэку цIыкIум, къыщалъхуа лъахэм пэIэщIэу къалащхьэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я «дыщ жьантIэ» хуэдэщ Мущтэфар къызэригъэпэща «Адыгэхэр» къэфакIуэ ансамблымрэ абы жэрдэм зиIэхэр щигъасэ хэщIапIэмрэ.

СЫТ-ТIЭ а адыгэ зэхуэсыпIэм къежьапIэ хуэхъуар? 2000 гъэм Урысей Федерацэм и цIыхубэ артист Тут Зауррэ Адыгейм щыщ Къэбэрдей Эммэрэ гупжьей щIыкIэу къызэрагъэпэщауэ щытащ «Адыгэхэр» фIэщыгъэцIэр иIэу.

2005 гъэм къэфакIуэ ансамблу ягъэпса гупым ядэлэжьэну кърагъэблэгъащ Батыр Мущтэфар. Ансамблым япэм хэту щытар Москва щеджэ студентхэрт, иужькIэ къэфэкIэ зрагъэсэну хуейуэ нэхъыщIэIуэхэри къекIуалIэу щIадзащ. Иджыпсту илъэси 5-м къыщыщIэдзауэ балигъыпIэм иувахэм щыщIэкIыжу егъасэ Мущтэфар, гупу гуэшауэ. Уеблэмэ студенту къафэу щытахэм я бынхэр къашэ иджы.

- Уи щIыпIэм уимысыжу, уи лъэпкъэгъухэм уапэжыжьэу гугъущ щIэблэм адыгагъэр, адыгэ хабзэ дахэхэр, зэхущытыкIэ екIур яхэплъхьэну, я анэдэлъхубзэр яIурылъу къэбгъэхъуну. Дэ иужь дитщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым дызэрыпэIэщIэм емылъытауэ, ди щIалэгъуалэр а псоми щIэтпIыкIыну. Къафэм и закъуэ утыку щагъэзэщIэфынукъым, абы щIыгъу Iэдэбагъыр, щэныр, зыIыгъыкIэр имыгъусэмэ. Къафэ къэс езым и хъыбар, и къежьапIэ иIэжщ. Дауэ ахэр цIыхубэм я деж зэрынэпхьэсынур зи гугъу тщIы лъэпкъ лъапIэныгъэхэм ущымыгъуазэу?! Мис абыкIэ къыдогъажьэ къафэщIэ щыдгъэувым деж, абы къыдэкIуэуи дытопсэлъыхь, зэпкърыдох, упщIэхэм жэуап ядотри, итIанэ Iуэхум иужь дохьэ. Абы сабийхэр нэхъ трегъэгушхуэ, я зэхэщIыкIым зрегъэужь, я пщэ дэлъ къалэнми нэхъ хуегъэхьэзыр. А цIыкIухэм я гур етауэ, я лъэр щIэлъэту, я нэгум гуфIэр кърихыу, екIуу утыкум къыщихьэм деж уи гур хэмыхъуэнкIэ Iэмал иIэкъым. Ахэрагъэнщ сэри къару къысхэзылъхьэр, - жеIэ Мущтэфар.

Адыгэ щIалэр зи унафэщI ансамблыр хуабжьу жыджэрщ. Абыхэм щIэх-щIэхыурэ утыкушхуэхэм зыкъыщагъэлъагъуэ, къэрал, щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ зэхьэзэхуэ куэдым я лъэгу щыщIагъэплъ, апхуэдэуи хамэ къэрал зыбжанэми щыIащ. Адыгэ щэнхабзэм и беягъымрэ адыгэ къафэхэм я дахагъымрэ Москва дэс ныбжьыщIэхэм щагъэлъэгъуащ Венгрием, Испанием, Алыджым, Болгарием. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми щекIуэкIа зэхыхьэхэм пашэныгъэ къыщахьащ. Нэхъ иужькIэ зыхэтахэм ящыщщ Санкт-Петербург, Тверь къалэхэр. ПсалъэмкъыдэкIуэу жыпIэмэ, 2026 гъэр ехъулIэныгъэшхуэкIэ иригъэжьащ ансамблым. Ар щытекIуащ «Лидеры страны» V дунейпсо грант зэпеуэ-фестивалым. Абы щызэпэщIэтащ Урысейм, СНГ-м къикIа гуп 53-рэ, абыхэм къафэ лIэужьыгъуи 157-рэ утыку кърахьащ. Батырым и гъэсэнхэм къафэ къуаншэ, мэздэгу къафэхэр ягъэзэщIащ. Ар икъукIэ гурыхь ящыхъуащ къэпщытакIуэхэм икIи хуэфащэу къалъытар «Дыщэ Гран-При»-ращ, апхуэдэу цIэ щхьэхуэкIэ къыхагъэщащ адыгэ гупыр - «За сохранение духа кавказской культуры в танце» щIыхь тхылъыр къратащ.

- Сабийхэми, адэ-анэхэми, абыхэм ядэлажьэ сэри къыдбгъэдэкIыу жысIэнщи, япэ увыпIэхэр къызэрытхьым и закъуэкъым гукъыдэж къыдэзытыр, атIэ ди лъэпкъ къафэхэр къэпщытакIуэхэми къыдэплъхэми ягу ирихьу Iэгуауэшхуэ зэрытхуаIэтырщ, псалъэ гуапэхэр къызэрыджаIэрщ, щIыхь тхылъхэр къызэрытхуагъэфащэрщ. Абыхэм гугъэ дагъэщI къэрал щэнхабзэм ди Iыхьэ гуэр хэтлъхьэфу, лъэпкъым къыхуэщхьэпэн Iуэху длэжьыфу, - жеIэ Мущтэфар.

Къалащхьэм щыIэ ансамблыр щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэ Москва дэт университетхэм. Абыхэм щеджэ ди щIалэгъуалэм сыт хуэдэ Iуэху еджапIэ нэхъыщхьэхэм къыщаIэтми, даIыгъ, лъэпкъ зэхыхьэхэр зэи благъэкIыркъым. Адыгэ фащэкIэ зэщIыхуэпыкIа щIалэ куэданхэмрэ пщащэ зэкIужхэмрэ сыт хуэдэ утыку ипшэми угъэукIытэнукъым. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, адэ-анэм къыбгъэдалъхьэ гъэсэныгъэм щIыгъуу Мущтэфаи куэдым хуегъэIущ ныбжьыщIэхэр, къызыхэкIа лъэпкъым хуэфащэу цIыхухэм яхэтын папщIэ лъэкI къигъанэркъым. Нэгъабэ ВДНХ-м щекIуэкIа Мэкъумэш гъэлъэгъуныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгей республикэхэм икIа лIыкIуэхэм я Iуэхухэм хэтащ ансамблыр, къэрал псор щызэхуэса утыкум адыгэм ижь-ижьыж лъандэрэ къыдекIуэкI хабзэр, зыIыгъыкIэр щигъэлъэгъуащ.

Батырыр щылажьэ хэщIапIэм щIэх-щIэхыурэ адыгэ джэгухэр къыщызэрагъэпэщ. Абы кърагъэблагъэ Москва щеджэ, щыпсэу, щылажьэ щIалэгъуалэр, ахэр зэроцIыху, адыгагъэм, адыгэ къафэм, хабзэм теухуауэ куэд къыщащIэ.

2025 гъэм «Адыгэхэр» ансамблыр зэрызэхашэрэ илъэс 25-рэ ирикъуащ икIа ар Iэтауэ, гукъинэжу щагъэлъэпIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм деж щыIэ Финанс университетым. «Ди гуфIэгъуэ махуэшхуэр абы щыгъуэм къыддаIыгъат Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щыщ къэфакIуэхэмрэ уэрэджыIакIуэхэмрэ. Концертыр къызэгъэпэщынымкIэ щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуэхъуащ КъБР-м, АР-м я сенаторхэу Къанокъуэ Арсенрэ Хъупсырокъуэ Муратрэ. Абыхэм фIыщIэшхуэ яхузощI», - жеIэ Мущтэфар.

Иджыпсту Батырым деж къокIуалIэ ныбжькIэ зэхуэмыдэ гупиплI: къэфэкIэ зэзыгъащIэ нэхъ цIыкIухэр, апхуэдэ гупыж зыщIа ныбжьыщIэхэр, ансамблым хэт къэфакIуэ сабийхэмрэ нэхъыжь гупымрэ.

Гуп къэс мыхъуу, цIыху къэс бгъэдыхьэкIэ зырыз къахуегъуэт Мущтэфар. Уеблэмэ ар ядолажьэ нэгъуэщI лъэпкъ къыхэкIауэ адыгэ къафэм зыхуэзыгъэсэну хуейхэм. ИкIи жеIэ Москва еджакIуэ, лэжьакIуэ кIуауэ щыIэ, мы Iуэхум дихьэх дэтхэнэми я бжэхэр зэрыхузэIухар.

Мущтэфар и лэжьыгъэр къыдагъэпсынщIэу сыт щыгъуи щIыгъущ цIыкIухэм я адэ-анэр. Утыку къихьэ ныбжьыщIэхэм фащэ хурагъэдынуми къыщыфэну пэшым пщIэ щIатынуми, псори адэанэм я пщэм къыдохуэ. Абы теухуауэ ди лъэпкъ хабзэ дахэр къалащхьэм щызезыхьэ, щэнхабзэр зыгъэлъагъуэ гуп телъыджэм ядэIэпыкъуну гупыж зыгуэрым ищIмэ, гуапэ лей ящыхъунущ.

Батыр Мущтэфар зыпэрыт IэнатIэм зэрехъулIэр ансамблым и зэфIэкIхэм наIуэ пщащI. Ауэ абы хуэарэзы адэ-анэхэм, къехъуэхъу балигъхэм я бжыгъэр зэрыкуэдым къыбгурегъаIуэ къызэрымыкIуэу Iуэху щхьэпэ иужь зэритыр, куэдым ягу зэрыдыхьэр, лъэпкъым хуищIэ Iуэхутхьэбзэм и инагъыр.

Батыр Мущтэфар игъасэхэм и сабиищ яхэтщ Москва щыпсэу Ащнокъуэ Джульеттэ. Мы щIалэм ищIэ лэжьыгъэм и купщIэр зэрыиныр къризгъэлъэгъуэнт «Адыгэ псалъэ» лъэпкъ газетым жиIэу редакцэм къэпсэлъари аращ. Джульеттэ къыджиIащ Батырыр илъэс 20 и пэ Москва адыгэ зэхуэс щекIуэкIыу зэрызригъэцIыхуар, ар илъэс 30-м щIигъуауэ сабийхэм зэрадэлажьэр.

- Илъэситхум ит сабийхэм къыщыщIэдзауэ, сыт хуэдэ ныбжьым иту къэфэну тегушхуэри къещтэ Мущтэфар игъэсэну. Псом нэхъыщхьэу къыхэзгъэщынур ар щIалэгъуалэм адыгэбзэ къабзэкIэ зэрепсалъэрщ, псори зэрызригъэдэIуэфырщ, пщIэ къыхуащIу, къыфIэлIыкIыу, адэуи, къуэшуи, ныбжьэгъууи, егъэджакIуэуи къалъытэу ныбжьыщIэхэр къызэрыбгъэдэтырщ, - жеIэ Джульеттэ. - Дунейм тетщ къэфакIуэ куэд, дахэ дыдэу къафэу, ауэ абыхэм ящыщу мащIэщ езым ищIэр адрейхэм езытыфыр. Мис апхуэдэ зэфIэкI хьэлэмэт иIэщ Батыр Мущтэфар. Аращ гъуэгуанэр кIыхьми, уэшх къешхми, уэс къесми къыдэмыхьэлъэкIыу тхьэмахуэ къэс махуитIкIэ ди сабийхэр къэфакIуэ щIэтшэфыр.

Си благъи, си ныбжьэгъуи я бынхэр цIыкIуу къашэурэ студент хъуху къыщыфащ «Адыгэхэр» ансамблым. Хуабжьу сехъуапсэрт дахэу, и щхьэр Iэтауэ утыку къыщыфэ сабийхэми, Мущтэфар и фIыгъэкIэ, сэ ар къызэхъулIащ! Си псалъэхэм арэзы къытехъуэнущ икIи къыздаIыгъынущ адрей адэ-анэхэми. Зы унагъуэ декIуэлIэжам хуэдэу дызэхохьэ, дызэрыIыгъщ, апхуэдэ хабзэр илъэс куэд щIауэ «Адыгэ» ансамблым къыдокIуэкI. Ар псори зи фIыщIэр Мущтэфарщ. Москва дыщыдэскIэ, ди бынхэр нэгъуэщI лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэм яхэтщ. Гугъущ ди хабзэр, нэмысыр, Iэдэбагъыр сабийхэм яхэтлъхьэныр. Къалэшхуэм и уэрамхэм, еджапIэхэм щалъагъу, дэ къедмыгъэкIу хабзэхэр, мыхъумыщIагъэхэр къамыщтэу, адыгагъэ зыхэлъ цIыху гъэса къахэкIынращ зи Iуэху зетхуэр. Абы телевизорыр, телефоныр, интернетыр къыхыхьэжмэ, ди адэжьхэм яхуэфащэ щIэблэм упыкIащ. Щхьэм къизэрыхь апхуэдэ гупсысэхэр текIуэтынымкIэ сэбэпышхуэ къытхуохъу ди гъэсакIуэр.

Адыгэхэм нэмыщI, ансамблым къыщофэ нэгъуэщI кавказ лъэпкъ зыбжанэм къахэкIа ныбжьыщIэхэр. А щIалэгъуалэ гупым зыщацIыхужыр Мущтэфар и дежщ. Абы щызэкIэлъоплъыжри, къагуроIуэ, езыхэр я зыхуэпэкIэкIэ, псэлъэкIэкIэ, гъэсэныгъэкIэ, утыку итыкIэкIэ зыхэтхэм къазэрыщхьэщыкIыр, гъэсакIуэм къажреIэ мис а лъапIэныгъэхэр яхъумэн зэрыхуейр. Махуэ щIагъуэ дигъэкIыркъым абы адыгэ хабзэм, анэдэлъхубзэм, хьэлщэн екIум темыпсэлъыхьу. Дэри сыт абы нэхъыбэ дызыхуейр? ДыгуфIэжу, дыхуэарэзыуэ ди сабийхэр худошэ.

И цIэр къисIуэну сыхуейт абы и дэIэпыкъуэгъуу ди пщащэ цIыкIухэр къэзыгъафэ Быф Iэсияти. Абы и зэфIэкIым нэмыщI, и дуней тетыкIэри зэрыдахэм щапхъэ трах хъыджэбзхэм. ЩIыкIафIэщ, Iэдэбщ, Iущщ, къафэм и щэху псори ещIэри, дигъэгушхуэу, ди щхьэр лъагэу дигъэлъэгъужу къытхэтщ.

ЗэгурыIуэу, зэдэIуэжу зэдолажьэ Батыр Мущтэфаррэ Быф Iэсиятрэ, адыгэ лъэпкъым бгъэдэлъ лъапIэныгъэхэр къафэбзэ дахэкIэ къыдэкIуэтей щIэблэм бгъэдалъхьэу.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,
КъБР-м, АР-м щIыхь зиIэ я журналист.

Гъуазджэ

Ди театрым игъэувар нэхъыфIхэм хабжэ

«Золотой фонд театральных постановок России» урысейпсо зэпеуэм и лэжьыгъэ нэхъыфIи 100-м ящыщу къалъытащ Горький Максим и цIэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрым и «Невеста из Имеретии» спектаклыр. Ар зыгъэувар УФ-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, режиссёр цIэрыIуэ Теувэж СулътIанщ.

УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэси 150-рэ ирокъу. Ар зэрагъэлъапIэ программэм щыщщ къэралым щекIуэкIыну щэнхабзэ зэхыхьэхэр.

2024 гъэм и бжьыхьэм ирагъэжьауэ щытащ «Золотой фонд театральных постановок России» урысейпсо зэхьэзэхуэр. Ар къызэрагъэпэщащ УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ, «Триколор» операторыр, щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ Президент фондыр я дэIэпыкъуэгъуу. Зэгухьэныгъэм и махуэшхуэр зэрагъэлъапIэм теухуа япэ зэхыхьэ нэхъыщхьэ хъуащ ар.

Зэпеуэр къызэзыгъэпэщахэм ар къыхалъхьащ театр щэнхабзэр, Урысейм и псэкупсэ лъапIэныгъэхэр къыщыгъэлъэгъуа спектаклхэр къызэщIэзыубыдэ нэтынхэр трахын папщIэ. Зэпеуэм зи лэжьыгъэр нэхъыфIу къыщалъытахэм ар къыхэзылъхьахэм къалэн щащIащ театрхэм я репертуарым а спектаклхэр зэпымыууэ хагъэтыну.

УФ-м и Театр лэжьакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIым и къуэдзэ Скляр Надеждэ зэрыжиIамкIэ, зэпеуэм лэжьыгъэ миным щIигъу ягъэхьащ. Зэхьэзэхуэр Iыхьитху гуэшауэ щытащ. Япэрейм хэплъар щIыналъэ къэпщытакIуэхэрщ. ЕтIуанэ Iыхьэм федеральнэ экспертхэр - театр критикхэр, егъэджакIуэхэр, театр унафэщIхэр.

Москва къикIри, мазаем и 7-м Налшык къэкIуащ «Триколор» IуэхущIапIэмрэ «Золотой фонд театральных постановок России» проектымрэ я продюсер Анисимов Михаил. Спектаклым и пэ къихуэу, ар артистхэм ехъуэхъуащ «Невеста из Имеретии» спектаклыр нэхъыфIу къызэралъытамкIэ икIи жиIащ HD Iэмал зиIэ IэмэпсымэкIэ лэжьыгъэр трихыу платинэ дискым зэрытригъэтхэжынур. Лэжьыгъэр къатынущ щIэупщIэ зиIэ «Триколор» каналым и «Большой эфир» нэтыным хыхьэу. КъищынэмыщIауэ, къэралым исхэм ящыщу театр гъуазджэм и лэжьыгъэ нэхъыфIхэм зыщызыгъэгъуэзэну гупыж зыщIхэр абы щеплъыфынущ «Триколор Кино и ТВ» онлайн-кинотеатрым.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

ПщэфIапIэ гъунапкъэншэ

Мазаем и япэ Iыхьэм Кавказ Ищхъэрэм щекIуэкIащ «ПщэфIапIэ гъунапкъэншэ» фестивалыр. Абы хэтахэм я Iэзагъыр щагъэлъэгъуащ лъэпкъ шхыныгъуэхэр утыку къихьэн, абыхэм я гъэхьэзырыкIэр гъэлъэгъуэн унэтIыныгъэхэм. Зэпеуэм и зы Iыхьэм, «Точка, где вкусно» жыхуиIэм, хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Ставрополь крайм, Шэшэным, Ингушым, Дагъыстэным щыщхэр, дэтхэнэми езым и лъэпкъ шхыныгъуэхэр ипщэфIу.

КЪИЩЫНЭМЫЩIАУЭ, цIыхубзхэм папщIэ щхьэхуэу - «IэфIагъым и гуащэ», пщафIэ ныбжьыщIэхэм щхьэкIэ - «Гъуазджэ IэдакъэщIэкI хуэдэу дахэ Iэнэ» зэхьэзэхуэхэр екIуэкIащ.

Зэпеуэ гъэщIэгъуэныр къызэрагъэпэщащ «ХьэщIагъэмрэ туризмэм зегъэужьынымкIэ» федерацэмрэ «Лъэпкъым и псэ» зэгухьэныгъэмрэ. Зэхьэзэхуэм и пэ къихуэу абыхэм ди хэгъэгум къыщызэрагъэпэщат шхапIэхэр зиIэ хьэрычэтыщIэхэм я зэхыхьэ, ерыскъы зэмылIэужьыгъуэхэр ди лъахэм къыщыщIэзыгъэкIхэм я зэIущIэ, апхуэдэуи пщэфIэнымкIэ мастер-классхэр, къищынэмыщIауэ, туристхэр кхъуей, IэфIыкIэ къыщыщIагъэкI IуэхущIапIэхэм, кофе ефапIэхэм, бдзэжьей къуэлэн щагъэхъу хозяйствэхэм яшащ.

«ПщэфIапIэ гъунапкъэншэ» проектым и автор Аршиновэ Татьянэ зэрыжиIамкIэ, мазаем и 6 - 7-хэм Мэхъэчкъалэ щекIуэкIащ рестор採хэм я пщафIэ нэхъыщхьэхэм я «ЩIэин» зэпеуэр. ИтIанэ Налшык щагъэпэжащ дауэдапщэм хэтахэмрэ текIуахэмрэ. КъэпщытакIуэ нэхъыщхьэу Налшык къэкIуар Кавказ Ищхъэрэм нэхъ щыцIэрыIуэ пщафIэ, ХьэщIэщхэмрэ шхапIэхэмрэ я ассоциацэм и президент, дунейпсо пщафIэ хеящIэ Мовлатовэ Хьэдижэтщ.

УпщIэхэм жэуап щаритым Хьэдижэт къыхигъэщащ: «МызыгъуэгукIэ дэ Iэмал диIащ Кавказым ис лъэпкъхэм куэд щIауэ къадекIуэкI я шхыныгъуэхэр зыIудгъэхуэну. Ахэр нобэ ресторанхэм щапщэфI, щхьэж и хабзэ, шыфэлIыфэ кърагъэлъагъуэу. Фэ зэрыфщIэщи, зыплъыхьакIуэр щIыпIэщIэ кIуа нэужь, псом япэу зригъэцIыхур а щIыпIэм щапщэфI ерыскъырщ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абыкIэ нэхъ кууэ лъэпкъым и тхыдэмрэ и щэнхабзэмрэ къыбгуроIуэ. Кавказыр игъащIэ лъандэрэ цIэрыIуэщ и хьэщIагъэмкIэ, шхыныгъуэхэр зэрикуэдымкIэ, ахэр ямылейуэ зэрыIэфIымкIэ. Сэ къэрал куэдым сыщыIащ, шэч къытезмыхьэуи жысIэфынущ, нэхъ IэфIу щыпщафIэ сызэрыримыхьэлIар. ПщэфIэнымкIэ зэпеуэхэм хеящIэу ущылэжьэныр Iуэху тыншкъым. Сыту жыпIэмэ, абы хэтхэм нэхъыфI дыдэу къайхъулIэхэрщ утыку кърахьэр».

Апхуэдэу щытми, мы гъэм екIуэкIа зэпеуэхэм увыпIэхэр щагуэшащ, хэта псоми гулъытэ хэха хуащIри, тыгъэхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ. Пашэныгъэ къэзыхьа пщафIэхэм федерацэм зэрыхагъэхьэмкIэ сертификатхэр кърату жащ, ахэр щылажьэ шхапIэхэр турист гупхэм хуагуэш, чэнджэщхэр зэрыт тхылъым иратхэнущ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрызыгъэхьахэм яхэхуащ ди лъахэгъухэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хыхьэ Тегенекли къуажэм дэт «Европэм и щыгу» турист комплексым хыхьэ рестораныр «Пасэрей Iэмалхэм тету япщэфIа, иджырей теплъэ зиIэ кавказ лъэпкъ шхыныгъуэхэр» унэтIыныгъэм щытекIуащ (унафэщIыр Къумыкъу Дианэщ). «Илъэсым и пщафIэ» къыфIащащ Терскол къуажэм дэт «Вершина» хьэщIэщ-рестораным и пщафIэ нэхъыщхьэ Ныр Аслъэн (унафэщIыр Кучмезов Iэсхьэдщ).

Налшык къалэ дэт «Акрополь» турист комплексыр щытекIуащ «Самая познавательная презентация» унэтIыныгъэм, абы и тхьэмадэр Къардэн Хьэсэнщ. «Мы илъэсым къытхузэIуихар» унэтIыныгъэм пашэ щыхъуар «Сосрыкъуэ» ресторанырщ. «ПщэфIапIэ гъунапкъэншэ» проектым и «Рекордхэм я тхылъым» иратхащ «Вершина» рестораным щащIа хъыршын IэфIыр. «Лъэпкъ шхыныгъуэхэр хъумэнымрэ ипэкIэ гъэкIуэтэнымрэ» Iыхьэм щытекIуар адыгэ-балъкъэр шхыныгъуэхэм я гъэхьэзырыкIэм и щэху псори зыщIэ Къумыкъу Дианэщ. «Гъуазджэ IэдакъэщIэкI хуэдэу дахэ Iэнэ» зэхьэзэхуэм нэхъыфIу къыщалъытар Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и студентхэрщ. «IэфIагъым и гуащэ» хъуар Грознэ къалэм щыщ Мамаевэ Хьэдижэтщ.

Фестиваль «IэфIым» и къызэгъэпэщакIуэхэм къызэрыхагъэщамкIэ, Урысейм и лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм и илъэсым техуэу ирагъэкIуэкI мы зэпеуэр хуэгъэпсащ щIыналъэ брендхэм зегъэужьыным, турист нэхъыбэ къыдэхьэхыным, къахуэкIуэхэр зыхуей хуэзэу гъэхьэщIэныр псом япэ изыгъэщ хэгъэгухэр нэхъыбэм къацIыхунымкIэ сэбэп хъуным. Апхуэдэуи проектым хьэрычэтыщIэхэр, къулыкъущIэхэр, жылагъуэр зэкъуегъэувэ.

ШЭРIУЖЬ Даянэ.

«Ангушт»-м и гъуэр хагъащIэ

Футбол

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкIыну зэхьэзэхуэм зыхуэзыгъэхьэзыр «Спартак-Налшыкым» абы и ещанэ Iыхьэр кърихьэлIащ. Зэрихабзэу, ар зэныбжьэгъугъэ зэIущIэкIэ зэхуищIыжащ.

МАЗАЕМ и 15-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и Сабий стадионым ди щIалэхэм къыщрагъэблэгъат Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» гупым къащыдыхэт Нэзрэн и «Ангушт»-р. Ингушым и футболистхэр зэи ди хьэрхуэрэгъу лъэщу щытакъым, ауэ куэдым ящыгъупщэжакъым нэгъабэ зэрызэдэджэгуа зэIущIищым фIы лъэпкъ къызэрытхуимыхьар. ХьэщIапIэ щыIэу джэгугъуитIми бжыгъэр къыщызэIуамыхамэ, Налшык къэкIуа «Ангушт»-м 4:0-у дыкъыхигъэщIат. Абы щыгъуэми ди футболистхэм зы топи я хьэрхуэрэгъухэм я гъуэм яхудэгъэкIатэкъым.

Дауи, зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэр зэхьэзэхуэм хиубыдэхэм ебгъэпщэфынукъым. Апхуэдэу щыт пэтми, налшыкдэсхэм «ялъ ящIэжыну» хьэзырт.

«Спартак-Налшыкым» хэту джэгур ирагъэжьащ Къумыкъум, КIэдыкIуейм, Гирзишевым, Пириевым, Балъкъызым, Блийм, ХьэцIыкIум, Дзыгулым, ЛIупым, Кенжевым, Ибрагимовым. ЛъэныкъуитIри икъукIэ жыджэрами, бжыгъэр къызэIуамыхауэ япэ Iыхьэр иухащ.

Загъэпсэхуауэ къыщихьэжым налшыкдэсхэм я футболист псори яхъуэжащ, зыкIэлъыплъ Гирзишевым къищынэмыщIа. Абы гъусэ къыхуэхъуащ Каркаевыр, КIэщтыр, Болэтокъуэр, Уэлджырыр, Черкесовыр, Кертановыр, Пекъур, Урысыр, Къумыщыр, Дзарасовыр. Ахэр джэгум хэзэгъэхукIэ, Ингушым къикIахэм бжыгъэр къызэIуахащ.

АрщхьэкIэ ди щIалэхэр абы игъэдзыхакъым. Я ебгъэрыкIуэныгъэхэм ящыщ зым Пекъу Ислъам къыхита топыр КIэщт Анзор щхьэкIэ гъуэм дигъэкIащ.

АдэкIи бжыгъэм зихъуэжыфыну щытащ. АрщхьэкIэ зыми и насып къикIакъым икIи зэрытемыгъэкIуауэ, 1:1-уэ, командэхэр зэбгъэдэкIыжащ.

Зы мащIэкIэ загъэпсэхунурэ, налшыкдэсхэм зыгъэсэныгъэхэм пащэнущ. Хэт ищIэн, апщIондэхукIэ зэхэкIыну къыщIэкIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыну щIыкIэмрэ абы щыджэгунухэмрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщI-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдэзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттехэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.245
Заказыр №298
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Залинэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **Щоджэн Заирэ** *(1, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* **Елмэс ФатIимэ**

КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.